/7/ Garwa Prabu Kiskendha nagari/ sih larining kang wong/ manungsa wus ana antarane/ lamun kena pancananing ngeblis/ tirta saking dhiri/ denenget ing kalbu//

/8/ Sangga langit anjruh aneng beji/ sirat pajar tinon/ nora langgang aneng donya bae/ aja pijer bangun sukeng galih/ wanara gelang gelang king/ pasemon den kontung//

/9/ Sela ingkang panglewedan sari/ aja pisan kang wong/ kanthong baju ing kanan keringe/ aja karya sak seriking galih/ pantes wohing tiris/ mring samaning makluk//

/10/ Pratandha geng pakeming narpati/ kocaping cariyos/ kisma luhur akeh panggonane/ bathik alit kang sesoneng sabin/ dununging Hyang Widdhi/ sipat murah agung//

/11/ Senthe jurang wijiling narpati/ ujar wus kawiyos/ telasih pethak dadya jampine/ kang tembaga cinampur ing rukmi/ apesing pawestri/ kuwasa tan sinung//

Kinanthi

/1/ Kinanthi liring pitutur/ kenthang rambat menyan putih/ wawasen dipunnprayitna/ lawan noleha ing Widdhi/ cecangkok wohing kelapa/ kang dadi pathoking urip///

/2/ Dhandhang alit sabeng dalu/ janma rumengkuh ing mokrim/ wajibe lamun wanudya/ mituhu karsaning laki/ cepuri mindha baita/ aja wani anglancungi//

/3/ Ron akingken laring ranu/ kang sela panglawet sari/ wanudya wajib sumarah/ aja pisan anglakoni/ mindho undhaking wilangan/ anikel tuduhing kaki//

/4/ Panti Cina munggeng nngayun/ poma-poma aja kongsi/ putra adi ing Ngamarta/ ri Prabu Rahwana pekik/ akrama dadi suwala/ den bisa nimpena wadi//

/5/ Lembu sobrah tanpa sungu/ kukusing adi marapi/ kapakena wong agesang/ pasthi araning pawestri/ sikeping mancanagara/ tan kena nedya ngungkuli//

/6/ Siti mawut ing delanggung/ wus kalebu ing pawarti/ turon wisma

dhedhekonan/ janma tan tulus ing dhiri/ pawestri yen amareng kang/ dadi cacading ngaurip//

/7/ Sesobraha traping sabuk/ kareta pangirit sapi/ pira bara wong neng donya/ anuntun panggawe yukti/ masjid pusering buwana/ mring karabat jalu estri//

/8/ Sauring donga pan sukur/ siti jro wismaning jisim/ nora liwat wong atuwa/ darma bae angamini/ siti pangkate witana/ lamun tulus sapanginggil//

/9/ Panawar wisa tumanduk/ utanga darbe tatami/ sekar pangaubing makam/ walang elang elarira wilis/ sanadyan tan nenggih boja/ amung aja mitambuhi//

/10/ Barang wus cakep ing kayun/ aja dumeh papa miskin/ lare luwar saking garba/ praja geng sawetan rumi/ laier dinawe beda/ ing batin sayekti sami//

/11/ Rampunging sabarang rembug/ geng alit dadine manis/ senthe jurang angayangan/ lanjaran panjering budi/ den sareh patraping patraping ujar/ tumindaka ngati-ati//

/12/ Gancaring wayang pinanggung/ wong agung putra jumiril/ marma yen sira tan sabar/ sarta lawan dentakoni/ puspita rengganing ganja/ iku mundhak tanpa kardi//

/13/ Nuwala ugering dhusun/ nanging tetalining urip/ pambekang kang tan prayoga/ aja nedya angugemi/ jarot pisang saupama/ dadi wuwuh malarati//

/14/ Pepatih Sarehas Prabu// eklasna prapta ing batin/ sekar wungu ing astana/ kramaning paron nenilis/ sanadyan kekasihira/ ature nora pakolih//

/15/ Kalam pulas pelem racun/ aja nili angastuti/ tetambanging wastra pisah/ padha dalancang kinardi/ nalaren dipunprayoga/ sambang rapeting prakawis//

/16/ Sabda kereng tyasing kalbu/ yen wis pinesu ing batin/ rambaka pindha kawangan/ pinggan dhaon jeruk wangi/ sarta rujuking pratingkah/ turuten kalawan pikir//

/17/ Sigaring wreksa tan jujur/ ganda pangusaping lathi/ dadi laku kasisiban/ yen wis winawang sayekti/ kutha kembar ing Mataram/ kena gineret ing eblis//

/18/ Tambang palwa kukus gantung/ nawangen solah kang becik/ werana ginatra rupa/ jamangging wastra rinukmi/ nora kudu tapengarga/ lamun bisa anetepi//

/19/ Wilangan sapuluh atus/ sewu nugraha lan gaib/ ngarsaning wulan Ramelan/ mupakat ing awal akir/ putra Prabu Padmanaba/ aja sembrana ing laki//

Pocung

/1/ Sekar pocung kenya arga kothak Jepun/ sandhang lawan pangan/ iku pasihaning Widdhi/ iga wisma undha-usuk tan prabeda//

/2/ Kethek Jamus janma anggedhekken angkuh/ takdiring Pangeran/ untung sugih lawan miskin/ tandha sastra mung aja dadi pocapan//

/3/ Tambang manuk nur buwah ingkang dhumawuh/ anggering wong Islam/ anak ngungkuli sudarmi/ nalikane kalimah angsung nugraha//

/4/ Sapa wulang de kenya maseng pra sunu/ mung pasa tarima/ songsong gebang saupami/ estri bisa anarik swarganing priya//

/5/ Pethi kamus lepen Daha eleripun/ angemper-empera/ labuhaning kang utami/ kuning pita darapon nemu raharja//

/6/ Kasut kayu janma lantaraning semu/ becik ngulatana/ kang dadi paraning takyin/ kramengsabda basa takyin iku nyata//

/7/ Sekar carup bremara lit tala lempung/ baju tan piasta/ iku campuring sang galih/ tutur becik aja ketang banting raja//

/8/ Jaro turut apagera kang barukut/ aja apepeka/ sumendhe karsaning Widdhi/ roning kamal yen wong anom durung mangsa//

/9/ Dhukut alum janma iku wus saestu/ tungguling ngayuda/ lingipandha dhangkel wangi/ antuk wenang ngupaya budi tekiyar//

/10/ Reca kakyu dariji kinarya ukur/ manungsa kalilan/ golek pagawe

basuki/ lancur kuda sihing Hyang Ingkang Musibad//

/11/ Kimpul gunung wuluh gung pindha pring apus/ ngarsane je warpa/ yen ana rapal kang muni/ pinulasa amrih kawedaling sabda//

/12/ Lagon kaum wanudya asikep kampuh/ buktining kuwasa/ iku sampurnaning urip/ yen kabuka sarana ngregedi badan//

/13/ Wastra pingul curiganing punang pantun/ tawoning ngagesang/ yen ninggal mugi prayogi/ tambang palwa dadi wayiring karuna//

Sinom

/1/ Turangga bang buntal sata/ sangga langit munggeng beji/ kaliwat dene alangka/ yen langgenga wong ngaurip/ buron dulur neng siti/ mulane babo denemut/ putra Sang Kumbayana/ sami rantel wuh bukti/ agawea lelabet ingkang utama//

/2/ Sabete kampuh wanita/ ing Pucangan wiku putri/ tegese badan sampurna/ terus marang ati suci/ kisma tumekeng nginggil/ iku luwihe janmanung/ pandan nyurung pajagan/ kenthang rambat saupami/ den pratela bantingen sariranira//

/3/ Sumuking surya diwasa/ ranti sengir munggeng wukir/ aja ganas ing pangucap/ duwea ngengehan mburi/ ulam ingadu manis/ denpatitis aja kuwur/ remari pandhan sobrah/ tambanging baita milir/ barang karya solah tanduk lan wicara//

/4/ Wit pethak pindha samboja/ atigan babaring peksi/ wates iku wong agesang/ minule sawuri-wuri/ aja ingkang sinung ning/ gubug saluhuring kayu/ iya angranggonana/ nganggea dugi prayogi/ celeng Cina aja nganti dadi bika//

/5/ Satriya tiwasing yuda/ pulo sabrangan serandil/ den akeh sabiling manah/ panjinge kang budi srani/ asta ngreksa upami/ kunarpane ganten arum/ angel yen linampahan/ gampange yen wus binudi/ krameng diyat sayekti nora rekasa//

/6/ Pekksi jamang amicara/ kakung tinilar ing rabi/ akeh godhaning sarira/ cobaning hyang den ta pasthi/ watak kukuling ati/ ing dina sawise Septu/ iku denantepana/ sarta lan tekadireki/ kandha estri

aja mengeng ing wardaya//

/7/ Kang sela rineka janma/ solahe santri birahi/ tegese beka rencana/ tan marga waduling janmi/ parikan pinggan siti/ apan dadi dhewekipun/ semut bang seconthongan/ prajane mancanagari/ denwastani kekirangan ing waskitha//

/8/ Tamat pungkasing nuwala/ timbrah ing tom kang kinardi/ aja watak asumbrana/ den nastiti barang kardi/ Prabu Sri Madswapati/ bendha ijo munggeng dhukuh/ sangkaning kaluwihan/ gurda jenar campur warni/ aja amor denya ngeningkken paningal//

/9/ Balimbing kang woh neng kisma/ pinggan ron kinancing kalih/ nora susah wong ngagesang/ martapa pucaking wukir/ kandha wayang ginupit/ singgat we gumana lemut/ sok bisa nglakonana/ nyirnakken regeding dhiri/ janma sura wus pinunjul ing sasama//

/10/ Kang sela rineka warna/ liman lit pangolah sabin/ babo aja apepeka/ akeh rencananing janmi/ rema lit lumre jisim/ tenaya Sang Karna Prabu/ pandulu pamiyarsa/ paksi ja mangucap janmi/ sabet kuda pesthining Hyang angsung coba//

/11/ Kendhang lit pinukul ladrang/ kendhaling tala tinitis/ mupung aneng ngalam donya/ we cemeng katrap ing tulis/ putra Sumbadra Dewi/ kang minangka sisinau/ sesulung medal enjang/ jroning kaol mathakaki/ tetakona tiron kang wus ahli kojah//

/12/ Prabu Marpinjun tanaya/ Drupada putra wuragil/ wus tamtu ing kuna-kuna/ kumpuling janma sinekti/ tawon gung tala siti/ kang denangkah mung pitutur/ wangen andheging sastra/ ron aking anjrah ing siti/ nging uga kang denpakewuhi waspada//

/13/ Adeging pan jenang gula/ jaro turut kang ginapit/ ugere estri minulya/ nora lali kang dadya wit/ lampah jama tibeng alit/ siti patemah kang tinut/ kembang ireng ing makam/ randha nom kang tanpa siwi ingkang dadya lanjaran sihing Hyang Suksma//

/14/ Kekidung kang tanpa tembang/ janma wastra rinengga di/ kang pinuji sabuwana/ lamun bisa anetepi/ nata jawata junggring/ salaka guruning ayu/ braja sasi landheyan/ kusir geng wismeng wanadri/

singa-singa nedya padha nora padha//

/15/ Pager wayang Kuntaparta/ anak ngungkuli sudarmi/ endi lire kang utama/ kang wus sinung tinggal gaib/ wader bang kang sesupit/ sabarang kudu kinawruh/ mrica tanpa lanjaran/ gayunging baita milir/ den prayitna solah muni lawan muna//

/16/ Jawan geng tibeng bantala/ jenu tawa janma mukti/ aja tungkul suka wirya/ deresen tyasira yekti/ asta wreksa upami/ Pandhawa kang wulu cumbu/ samargane kepanggya/ kursi panjang tambang kain/ angulari tibaning ayat nugraha//

/17/ Dhandhang alit kunir pita/ uculing manah ngeneni/ yien lepas trusing paninggal/ tuhu lamun ta nyidrani/ tandha srat Jawi lempit/ gondhang ijo pinggir ranu/ kang kocap ing saloka/ kenthang rambat janma mukrim/ iku wajib ala becik den prayitna//

Maskumambang

/1/ Senthe jurang ana ujar durung yakin/ walang ijo larnya/ lembu sobrah asesuri/ ya embuh kang aran nyata//

/2/ Manggis jenar kuda luhur saking Persi/ yen duga maleca/ janjine nora netesi/ kanthong baju temah rusak//

/3/ Janma karem sesawah ana mestani/ wismaning taksakak/ pangkat rong prakara ugi/ satriyarga tetimbangan//

/4/ Lancur kuda sapa ingkang densambati/ atmajaning banyak/ dhukut geng wewangkel wangi/ angur padha ngastutia//

/5/ Kisma luhur tebih praja jayeng warih/ dununging nugraha/ jamang wakul lagom mahrip/ wus kawengku jroning badan//

/6/ Siti pangkat ing witana paris nginggil/ inggil lawan andhap/ kawis jenar welut sisik/ begja kalawan cilaka//

/7/ Jarot pisang pamintane kang ubanggi/ sugih lawan malarat/ kebon wana puput dhiri/ pati urip tinggalira//

/8/ Buron wastra ing Kosar Sang Raja Kapir/ sruning panarima/ janma priya sah ing rabi/ sarta temen ing panedha//

/9/ Saledro pring nagri Brawijaya aji/ karyanen paitan/ dadia

pangeling-eling/ menara gung buwangana//

/10/ Kukuh gunung tenaya tambi jumiril/ iya kapakena/ yen lan ngupaya samangkin/ jamang kudhi tyas raharja//

/11/ Kaluwih bang puspa mangsa saking siti/ janma nebut dewa/ lamun bisaa ngendhani/ budi salah arda murka//

/12/ Gabus tegal sela pangasahing lading/ iya iku bakal/ ing tembe bakal denanti/ sari muka wus sampurna//

/13/ Wakil nata tegese ingkang pakolih/ panjungkeling tobat/ pacet agung gambar pait/ kang mujud parentahing Hyang//

/14/ Panulaking tohana ati kang suci/ pangarsaning salat/ wilangane wong adikir/kang becik kabeh imana//

/15/ Sirat surya aja ganas ing pakarti/ kramaning wicara/ ranti gunung rasa sengir/ duwea ngengehan basa//

/16/ Dresing udan prabawaning janma kingkin/ yen tan weruh sira/ wastra tepung panging tiris/ keh godha pamurung lampah//

/17/ Wiku raja ing Kusnia wadineki/ rubedaning badan/ jala panjang saupami/ mung amrih kencenging tekad//

/18/ Sarpa Kresna tumbu panjang ginaribig/ mung ngepek kekwala/ kotes ageng dhandhang wiring/ yen antuk pitulunging Hyang//

/19/ Peksi kuncung pelem galak ganda wangi/ aja wani perak/ lanarica sarpa aji/ lamun wong solah tenaga//

/20/ Pring taruna gembili gung kang muroni/ kabidhung ing setan/ ngubengi manah tan yukti/ sapu gamping ati sasar//

/21/ Swara bangun tembaga cinampur rukmi/ janma tan kuwasa/ jalidri gung mungeng warih/ langkung karsaning Pangeran//

/22/ Tirta wiyat nanging Allah ngudaneni/ pangarsaning muka/ nanging panyipta tan kongkih/ karem temen-tinemenan//

/23/ Kursi raja jamur sela jalanidhi/ akeh pakareman/ simparen lamun tan becik/ ciri raga dadi cacat//

/24/ Sekar ganja sabat wiku nunggil pamrih/ lawan mundhak apa/

angajaraken bilahi/ kris wreksa ngribeti manah//

/25/ Bayi alit ludira bang tuntung kuning/ dadi nora welas/ mring saliraning pribadi/ sangsayeng Hyang sia-sia//

/26/ Bendhe nata masiyat kinarya jurit/ pinacak ing kandha/ cahyaning purnama sepi/ yen wong duwe panggraita//

Gambuh

/1/ Awite kala wungu/ babaling itndak manusia iku/ candu mina yen micara tanpa titis/ simpanging wreksa pinaju/ sisiping laku tan minggok//

/2/ Rining kamal kang pupus/ rapaling kang wong Islam puniku/ wis adate wong anom den pracekani/ anteping ubaya kukuh/ durung duwe ati sagoh//

/3/ Tuwane wong beburu/ benguk wisma karane wong iku/ kudu-kudu winuruk panggawe becik/ padhanging wayang ginantung/ dimena aja maloncong//

/4/ Rema pinapak katut/ jenang ssobrah kudhung jroning rukuh/ pinarapal lan kena yen wus tinakdir/ panjalintang tutul wulang/ kang paningalkudu weroh//

/5/ Jampi netra tan masuk/ carma lapise kang sangkal wadung/ sipat murah tan kilap mungguhing Widdhi/ taji sata gagang santun/ marng bener luputing wong//

/6/ Sendhang geng ngisor gunung/ teja panjang wetan amalengkung/ pepuwungan mung karya leganing galih/ pamothahe rare bendu/ budinen yekti karaos//

/7/ Kajeng manis witipun/ buron alit neng bantala dulur/ lah emuta sira kadadeyan bumi/ deling kang pangapit salu/ adat kang wewaton//

/8/ Ing Selan ratu agung/ siti binubak kinarya kubur/ liwat asor luhurira kang dumadi/ isining woh kang tinandur/ dadya wijine kinaot//

/9/ Wadal srananing pupuh/ ing panyipta aja nganti kuwur Senen muka den pracaya ing pawarti/ tenaya retna rebingu/ trusna ati

kang tuwajoh//

/10/ Ngajerak patih anung/ bebek wana kedaling pamuwus/ wis lumrahe wong urip ngupaya asil/ tirta netra kang lumuntur/ asil panthenging waspa sil//

/11/ Paksi belong gurda gung/ pancadan munggah ing siti luhur/ iya lamun ana undhake sathithik/ kulite kalapa sepuh/ iku kang dadi pepathok//

/12/ Parikan damar mancung/ epring taruna rinujit mujur/ tarutusan aja kacupetan budi/ reming surya manjing gunung/ surupna bekti Hyang Manon//

/13/ Ngarsane Eje taun/ iku dadi dedalaning weruh/ roding toya sulu-king wayang kalithik/ satmatanen ing pandulu/ ing galih aja kaledhon//

/14/ Pager tetedheng ayun/ mung kinarya werananing kawruh/ minta karsa batin kajate pribadi/ tanceping wayang karuhun/ jejer kang dadi pikukoh//

/15/ Sima lit sobeng kasur/ sela panglawedan burat arum/ aja pisan kuciwa jenenging urip/ remaren kinarya tangsul/ tindak-tindak amiraos//

/16/ Rasen panggon sadarum/ kungkung alit reta tanpa banyu/ kang prayoga janma pangawak jaladri/ wera alit pindha tikus/ kabeh ala becik amot//

/17/ Tembang mas pinaruju/ bubaring bremara amrih santun/ yekti abot pambukane atisarik/ gancuring wayang pinanggung/ gampang yen uwis kalakon//

/18/ Palastreng cinitra wus/ kagungan Dalem Ingkang Sinuhun/ Paku Buwana Kaping Sanga marengi/ linuri-luri kang luhur/ Surakarta angedhaton//

/19/ Jumungah lek tri puluh/ Suraning Be sangkalaning taun/ janma swara sesanga anembah kalih/ ingkang wuku Watugunung/ Dewi Sri ingkang gumantos//

2.2 Ari Sukra (13 pupuh)

Dhandhanggula

/1/ Ari Sukra srinata tan mijil/ mring udyana neng praja karsendra/ angajar prajurit mangke/ kang maksih samya kidhung// nandhang karbin wurung binangkit/ kaku tangan myang pada/ nut kumenthiripunn/ pitiskika sing banggala/ maksih kidhung sarandhune ajar karbin/ mila pinelak-pelak//

/2/ Pan wus parekpakaryane mangkin/ panjenengan kaunanira sang/ lan parlu badhe eseme/ ri sang atmajeng ratu/ para wadya ingkang majibi/ pakaryane pininta/ dunung-dunungipun/ sang dwija mantri pranata/ para wadya Surakarta amiranti/ mring wajibing priyang-ga//

/3/ Aywa kusut tiningalan benjing/ pakurmatan ri sang Narpaputra/ mring janma liyan prajane/ mila pirantinipun/ malilgendah sasaneng supit/ rineka pindha grija/ kang endah nagri Rum/ gapura ingukir samya/ lung ora nyelimut ing sesuging wilis/ pinradasa watara//

/4/ Wus misuwur mring janma liyaning/ pakaryane ri sang Narpaputra/ ing taun Alip tamtune/ mila tyase pra wadu/ myang janma len praja kang sami/ rebut dhucung denira/ met daganganipun/ kang endah edi warnanya/ cipta payu mene klikile kang bathi/ menthel asimpen arta//

/5/ Tetela yen gampang mamrih picis/ nagri Surakarta wus kasusra/ wong dagang mesthi payune/ supenuh isinipun/ jroning praja myang desa sami/ lyan bangsa samya krasan/ wismeng dhusun-dhusun/ gampang met pangupajiwa/ tata tentrem dursila keh sudaneki/ sangking parmaning suksma//

/6/ Pan sinuksma ing saari ratri/mring Sang Mulki pakewuhing jaman/ wadya manut ing sapangreh/ sambada wadana nung/ nambadani karseng narpati/ pratiwa sagotranya/ sumungku sumuyud/ mring sang dwija mantri samya/ olah praja mrih utama mamanising/ pinurih lestarinya//

/7/ Lastarinya pinuja pinundhi/ sri narendra trahing Ngeksiganda/ marang wadya salamine/ dadya pandam pangaub/ pan ing wadya

jalu lan estri/ lumuntura utama/ risang Narpasunu/ lir rama Sang Narpadibya/ santoseng tyas tan nana wadya kakasih/ rata pinintapinta//

/8/ Titi teteh tetela tinali/ lelabuhan leluhuring kuna/ kakenan kabudayane/ tinimbang tumrapipun/ lan kang kanggo ing jaman mangkin/ kinireng sinuksmeng tyas/ lastarining kayun/ kayoman ing sapraja/ pamudyamba dhuh Gusti Sang Narpasiwi/ ngadila lir sang nata//

Sinom

/1/ Rehning ta misih taruna/ gustiku sang dibya pekik/ aywa karena paprenesan/ kang tan pantes denlakoni/ sayogyane angathik/ wadya kang utameng kewuh/ pininta wulang wira/ lelabuhaning narpati/ kang utama pathaksaning praja wirya//

/2/ Supaya katularana/ darajating pra narpati/ kang sinihan ing Hyang Suksma/ lir Jeng Sultan Agung nguni/ lan sayogyane ngathik/ aywa pisah lan rama prabu/ supaya uningaa/ pakartining narapati/ dadi nora kidhung lamun ana karya//

/3/ Sabab putraning nayarywa/ kudu bisa agal rempit/ mumpuni saleh kagunan/ prawira alus ing budi/ dadya wadya sanagri/ wedi asih patrapipun/ tumrampil amemitran/ wataking wong liyan nagri/ samya suyut ngawula nora ngrasula//

/4/ Tinggal wisma rajakaya/ anak rabi denboyongi/ suwita sri naranata/ iku tandhane utami/ syaitneng ngaras maksih/ emut nalika katemu/ srinata binujana/ ing mangke angsung kinteki/ amemuji galur lir wong maca kitab//

/5/ Lir angganing wong supena/ angantuk sinambi nulis/ Sabtu Legi ping sakawan/ kasanga Rabingulakir/ Jimakir windu Adi/ Madhangkungan ing jam pitu/ sangkala luhurira/ sang bramana narapati/ dipunagung ngaksama pun Adisara//

Gambuh

/1/ Sun puji dimen gambuh/ dhuh gustiku ri sang Narpasunu/ mengku praja jatmika lulus ngleluri/mring aluraning leluhur/ narendra di kang kinaot//

/2/ Barkahe Kangjeng Rasul/ ywa ninggal agama linuhung/ nanging kudu dinunema kang baresih/ kitab Qur'an murat dipun/ tinimbang utamaning don//

/3/ Dumadi nora kusut/ sakarsane utama tinemu/ mrih lastari lelabuhan kang utami/ emuta yen badhe mengku/ praja gung kalangkung awoh//

/4/ Ewuh lamun tan weruh/ lelejeme jagad kang kawengku/ kudu mene yen wengi kalawan wening/ eningna osiking ngeuk/ lakuning narendra kaot//

/5/ Kurang nendra yen dalu/ lamun bukti dinuga ywa kaduk/ suka-suka ywa lali sukuring Widdhi/ dimen siddhi tyas tan bliwur/ ujwalaning hyang katonton//

/6/ Tetela tan kaliru/ rahmating Hyang dumunung neng kalbu/ kalbu beber amber ngalapi sanagri/ nagri Yem samya kayungyun/ kayoman mring sang katong//

/7/ Katonton siyang dalu/ kamurahaning narendra anung/ santana sih tan ana sawaleng kapti/ tentrem rineh nora ewuh/ wuwuh nugrahaning Manon//

/8/ Noraga wadya dhusun/ sumarambah sedya anenandur/ supayane ywa kurang ingkang binukti/ iku rahmating Sang Prabu/ gemah ing desa penuh wong//

/9/ Pinunggel tembang gambuh/ Adisara sinelan ing ngantuk/ sinambungan ing benjing yen wus angliling/ kendel sangkalaning taun/ luhur sang sarira katong//

Kinanthi

/1/ Ngalilire saking turu/ Adisara dulit mangsi/ anganthi daluwangira/ sedya dugekaken malih/ ature anglir supena/ ngeneni tyase sang pekik//

/2/ Peparikan jayengranu/ surya meh tumameng ardi/ dhuh Gustyamba sir kawula/ sabarang kang bebayani/ kemating wong parayangan/ singkirana ywa ginalih//

/3/ Lele gung neng narmada gung/ bantal dawa kang mangapit/ ywa

lali wulanging raja/ den ta lingling siyang latri/ brana dumunung neng wawah/ simpenen sajroning ati//

/4/ Tataling pring aranipun/ kuntaning sang Harjuna di/ tetuladha kang utama/ tirta mudal saking siti/ dadi kumbul darajadnya/ nyunari sapraja wening//

/5/ Senenging tyas para wadu/ arane ujung dariji/ winengku narendra mulya/ yayah winong ing Hyang Widdhi/ sanjata gung ageming prang/ ayem yayah ngelayoni//

/6/ Yuyu gung neng narmada gung/ sujanma kang mardi gendhing/ sayogyane gustiningwang/ mring wadya aja ginething/ mangkis tanggung pangundhuhnya/ pinuji sabaring galih//

/7/ Basane anak ing putu/ suling dami kang kinardi/ dimen suyud wadya bala/ balaban alusing budi/ sarati kang munggeng rata/ antepenora gumingsir//

/8/ Pakaryane para wiku/ siwat agung ranireki/ sun muji muga tulusa/ sinuwun-suwun siniwi/ paksi sing dadya pratandha/ mring dasih kabyatan ing sih//

/9/ Sesulung kang metu esuk/ rasaning kelang binukti/ ywa keron memanasira/ wanita kang nedya mamrih/ marganing ardaning priya/ yayah mandaya denyamrih//

/10/ Mila-mila gustiningsun/ mumpung anom dentaberi/ amardia kajatmikan/ sarira terusing budi/ parlu kalamun sujanma/ ginadhang mangku praja di//

/11/ Bayem arda aranipun/ tanah tinaneman pari/ antenging netra sujana/ yen wasana ywa baribin/ iku adating nararya/ kang utama nguni-uni//

Mijil

/1/ Atur ulun ingkang sampun mijil/ sayogya rinaos/ dhuh Gustiku wus dungkap wektune/ akir baliq wajibe ngawruhi/ pakaraning nagri/ paraboting kukum//

/2/ Murad mangsude kudu ginalih/ lan ngulama kaot/ supaya trang ing galih ywa cewet/ tinimbanga lan adating nagri/ingkang wus

linuri/ leluhur pra ratu//

/3/ Kudu-kudu linalar linuri/ luhuring kaprabon/ sinuksmeng tyas priye bebukane/ saking ngisor dadi luhur yekti/ tinanyakna maring/ para sepuh-sepuh//

/4/ Ruwia kang ginita rinukti/ tinata wus manggon/ dadi babat ing tembung Jawane/ winacaa rinasa kang siwi/ dhinedher ing galih/ thukule rahayu//

/5/ Rahayune tyas punika dadi/ dedalan kinaot/ bokmanawa parek lan unggyane/ risang ulun kang rahmaning rakim/ yogya denkawruhi/ paraboting turu//

/6/ Aywa kaduk nendra den prayogi/ kadi awak ingong/ ati petang tur bentet matane/ awak lungkrah dhoso muring-muring/ ta mulane gusti/ dipunbetah wungu//

/7/ Nadyan wuwuha ywa tanpa kardi/ wajibe linakon/ dimen temen wanuh mring wajibe/ sabab abot bakal ambeneri/ para janma sami/ kang padudon kawruh//

/8/ Keh warnane kang murih utami/ wonten sing wiraos/ ajar basa mamrih basukine/ supayane ingandel sesami/ nanging jroning ati/ gorohe ngendhukur//

/9/ Saweneh wong temen jroning ati/ ning budine lempoh/ nora ajar manjing ajur-ajer/ dadi tan katon temening ngati/ iku ta Jeng Gusti/ ywa samar ing semu//

/10/ Semuning ulat dhemesing angling/ warna-warnaning wong/ kudu mawas sasolah bawane/ dimen aywa samar mariksani/ mring osiking ngati/ wadya kang kawengku//

/11/ Sun kekudang dhuh ta Gusti mami/ miturut sapakon/ wewulange ing rama linanteh/ dadi wuwuh sihing rama yekti/ wadya jalu estri/ ayem manahipun//

/12/ Sabab temtu kena denayubi/ lir rama Sang Katong/ wus dwidasa taun jumenenge/ tata tentrem marmaning Hyang Widdhi/ sun puji lestari/ aywa na wong ancung//

Pocung

/1/ Lir kaluwak anome arane pocung/ semune anancang/ cipta kang

nora prayogi/ gula drawa ywa lali wewulangira//

/2/ Rama ibu ambabar tuladhanipun/ leluhuring kuna/ kang nistha madya utami/ sayogyane piniliha kang utama//

/3/ Utamane tumana leket wong sepuh/ ingkang sugih kojah/ anjajah kawruh baresih/ sinaunen gusti mupung misih mudha//

/4/ Dhuh dhaharen ature kawulanipun/ wadon trahing desa/ tangeh wruh ing tata krami/ mung kadudut sih tresna marang bandara//

/5/ Rangu-rangu ing manah sedya memungu/ mring galih sang dibya/ nanging ta ajrih kapati/ pan ing mangke nempuh byat labeting tresna//

/6/ Jer ing tembe kang wajib among amengku/ mring nak putu amba/ ing desa nagara sami/ amemuji luhure Sang Narpatmaja//

/7/ Jumbu wana karoncong tumraping bahu/ dhuh gusti manira/ ywa kapok winulang becik/ dimen jembar ambabar budi kadarman//

/8/ Darmastuti sestu apa ngastoweku/ kekudanganira/ leluhuring nguni-uni/ nambadani narbuka tyase sang dibya//

/9/ Sabisana wasananing sujana nung/ menungku kagunan/ ning narendra nguni uning/ kang wus mashur labuhanira utama//

/10/ Marbuk arum ing sabda anrusing kalbu/ budi dadi damar/ madhangi isining nagri/ tuk barkahe pun kaki Nurkatim ika//

/11/ Kang dumunung aneng tunjung seta dhukuh/ pandhita minulya/ winong mring Hyang Mahasuci/ dhuh gusti nuleketa Sang Dwijawara//

/12/ Tangkil karang bulus kembang sabeng laut/ nyuwun ngaso kula/ baliyutipun kapati/ yen wus tangi sakarsa Sang Narpaputra//

/13/ Bokmanawi pikantuk impen kang sarju/ lan panggalihira/ gustiku Sang Narpasiwi/ datan kendhat lir maskentar tur kawula//

Maskumambang

/1/ Arjaning kang praja myang isining sami/ kuwasaning raja/ sabyantuning nayaka di/ ing batin parmaning Suksma//

/2/ Yen sinuksma mring kang wajib amengkoni/ utamaning tindak/ ywa kaya dak barang pikir/ den sareh pangudining tyas//

/3/ Dadi titi tetela barang binudi/ dadining kasidan/ darsananing nagara di/ drawaya salamanira//

/4/ Rumat basa basukining nayaka di/ teguh tan leleda/ tan layu sabarang pikir/ keras terus lan sikara//

/5/ Lerep sirep resep rasaning kang ati/ manungsa kang samya/ winengku neng praja sami/ kasamadan rahmating sang//

/6/ Sumawana mangayubagya samya sih/ sumungku pasedya/ lir batin tan gumingsir/ mring ngayahan sang sinewa//

/7/ Wiku raja wawelinge kang tiniti/ luwiha minulya/ layap liyep jroning sepi/ parlu linanteh kang nglela//

/8/ Lulur-lulur dumuluring karsa wening/ kumambang tinambang/ bisane manungku wening/ ing netra ywa kasamaran//

/9/ Netra iku kanyataaning Hyang Widdhi/ sakyehning kang warna/ ginelar neng buwana di/ karna kang nampani jwara//

/10/ De kang grana gon marum kang denwajibi/ pangucap punika/ lantaraning karya yekti/ titine aywa kasmaran//

Asmaradana

/1/ Kasmaran jroning aguling/ adisara supenyanya/ panggih kaki kaki kempong/ sarwa langking busananya/ Nursidi ananira/ mangkene wewarahipun/ dhuh ta gendhuk aywa kemba//

/2/ Aturira marang Gusti/ iku pancadan utama/ mirmakake utamane/ mring karsane Gustinira/ iku tetepe tresna/ wajibe wong dadi batur/ males rumekseng bandara//

/3/ Darapon ta sira benjing/ ing satedhak turunira/ tinitenan mring gustine/ de tedhake wong rumeksa/ mring gusti asih tresna/ parlune wong urip iku/ mung labet lan kang tininggal//

/4/ Labet ala lawan becik/ kang ginunem aneng dunya/ nak putune ngrungokakek/ lamun sira tan prayoga/ turune kawirangan/ aneng dunya den geguyu/ sinebut turuning kompra//

/5/ Paeka lamun utami/ iya lelabuhanira/ pinilala saunggyane/ mulane ngati-atia/ wong urip aneng dunya/ amardia anak putu/ aywa kongsi kasangsara//

/6/ Lamun sira kurang budi/ iya turua sadhela/ mujia rahmating Manon/ mengko ingsun nuli prapta/ memulang marang sira/ banjur aturna gustimu/ pitutur kuna prayoga//

/7/ Dadi mangko sira nini/ pama wisma talangira/ dalaning tirta dumrojok/ lumebeng tyase sang dibya/ wening kang toya marta/ ngeneni kang tata thukul/ woh andadi nora kendhat//

/8/ Uwit upamane jisim/ kang lata punika cipta/ pradapa ripta pamine/ rohani talutuhira/ kembang penthil rahsanya/ yaiku rasululahu/ semono bae wus tamat//

Megatruh

/1/ Datan pegat ature kawulanipun/ saking osiking pun kaki/Nursidi kang tanpa dunung/ punika ulun pinurih/ matur sang atmajeng katong//

/2/ Yen awungu prayoginira kang esuk/ dalil Qur'an wus muradi/ sapa tangi waktu subuh/ memuji luhuring Widdhi/ sinung rahmating Hyang Manon//

/3/ Rahmmat iku warna-warna tumrapipun/ ana dmunung mring ati/ netra karna lidhah irung/ kamaluan narambahi/ sarira myang balung otot//

/4/ Tetanduran ingon-ingon kewean manuk/ yen tulus lan ana gering/ iku rahmat dunungipun/ wisma ingkang den dunungi/ tuwuh datan nana trocoh//

/5/ Akrab wadu pawong mitra saminipun/ rukun datan nana nyengkring/ iku tunggil rahmat wau/ tirta bantalangin agni/ jalaran rahmating Manon//

/6/ Kamurahan sangking bumi wijilipun/ nikmat saking toya wening/ rahmat saking angin iku/ mupangati badan iki/ sangking agni kang sumorot//

/7/ Kukus saking dahana muluk mandhuwur/ sababe ginawa ngangin/

neng gegana dadi ranu/ toya lelumute mijil/ dadi bumi dununging wong//

/8/ Wus samono dhiin manira pitutur/ jer durung masane mangkin/ kamota mring budinipun/ gampang yen diwasa benjing/ wus kamot kawruh kinaot//

/9/ Pajampua gustiku Sang Narpasunu/ pralambangipun kaki/ Nursidi prayoginipun/ ginalih lumebeng jernih/ tiniten tata katonton//

Dhandhanggula

/1/ Titi tamat panitreng kinteki/ sasendhon ulun pun Adisara/ neng Langendharja dununge/ ri Soma Pon anuju/ tabuh astha ping nem sitengsi/ Ijrail sangatira/ Maktal wukunipun/ Rabiakir Adi nuju/ ing Jimakir luhur sang sarira aji/ muji mring karaharjan//

Pangkur

/1/ Kapungkur atur kawula/ kang tiniten ing lagu gulamilir/ uun ngaturken satuhu/ Nursidi wisikira/ urut rentes reruntungan runtung-runtung/ patitis tetep utama/ tetuladan narapati//

/2/ Tinata dimen tetela/ lelabeta tata kalawan titi/ tur iku wus wajibipun/ putrane sang sinewa/ kang ginadhang gumantya kaprabonipun/ putus sabarang weweka/ waskitha tatag patitis//

/3/ Sabarang wajibing priya/ wus tinakon kagunan lan kasektin/ sekti iku keh liripun/ lair batin den kena/ angeneni mring tyase janma sawegung/ kang winengku kasamadan/ ning narendra kang utami//

/4/ Mumpuni mulat kaanan/ ning praja di dadining barang pikir/ kineker sadurungipun/ dhinedher aywa corah/ karahayon jinaga kalakonipun/ lastari lumantar marang/ mring sagung nak putu mami//

/5/ Winengku sagung tur amba/ ambabon ing budi pamuka wening/ nanging driya sangaulun/ gusti Sang Narpaputra/ kalakone nglakoni wewulangipun/ ring rama sri naranata/ tumuntur sabarang kapti//

/6/ Leladan wawengkonira/ dhuh gustiku risang narendra luwih/ wuwuha darajatipun/ pinuji sanityasa/ dhuh gustikurisang tanaya linuhung/ ambebangun utameng tyas/ tyas makirtya mammrih dadi//

/7/ Tuladhaning janma tama/ marbudengrat kertarta amumpuni/ kagunaning sujana nung/ nungku amengku praja/ jatmikanteng prayoga tyasira teguh/ ginubel sagung duracara/ pinapas kalawan ririh//

/8/ Rih-arihen angling kenya/ ingkang durung miturut ing sakapti/ iku labuhan linuhung/ sabarang kang sinedya/ kudu sareh manut kala masanipun/ pujane pun kaki tuwa/ katekan sabarang kapti//

/9/ Pituture kaki tuwa/ ran Nursidi tan kendhat kadi riris/ pamisike mrih rahayu/ yun weruh kadadeyan/ ning tyasira risang atmaja jinunjung/ mrih jujur ujar jinajar/ jejering tyasing para ji//

/10/ Kajibah mengku jajahan/ nimbang mengku wawengkoning praja di/ wadining praja jinungkung/ kungasing kasantikan/ tinrapena ing wadya sajuru-juru/ uruse pakaryanira/ dera rumekseng praja di//

/11/ Dimen maturut sakarsa/ santana gung wadya prapteng pakathik/ tan nana sawaleng kayun/ suyut mangayubagya/ mring karsane risang tanaya tinamtu/ gumantya mengku bawana/ lulus lestari pinurih//

/12/ Luhuring karatonira/ riris manda-manda kang sarwa sari/ sarine tyase sawegung/ kakenan ing tyasira/ amiturut resep mring sang narendra nung/ pujining para pandhita/ gegana sang brahmana ji//

Dhandhanggula

/1/ Anglir madu ature pun kaki/ pandhita di Nursidi peparab/ neng tembang tembung jinentrek/ tata titis dumunung/ andunungken wajibing gusti/ risang narendra putra/ amengku kaprabun/ bapa babuning manungsa/ kang rinilan badaling Jeng Nabi mangkin/ lil umiyi parabnya//

/2/ Lil umiyi wardinipun nenggih/ makluk ingkang miturut sakarsa/

ing Hyang kang sipat kayune/ kabibulah jejuluk/ kang badhoni manungsa iki/ rasul ingkang rinasa/ ing janma sawegung/ Mukhamad Kakiki rannya/ kang madhangi tyasing manungsa agami/ mashur wau Mokhamad//

/3/ Agama iku parlune yekti/ pikukuhe tetimbanganing tyas/ mring nistha madya tamane/ mung iku rasanipun/ dalil kadis kang densemoni/ supaya animbanga/ sagunging pra ratu/ wadya kang sawaleng karsa/ pinrih sirep saking kuwasaning aji/ wewaton kitab Qur'an//

/4/ Qur'an iku rapal tembangneki/ makna murad maksude rinasa/ ijemak muwah kiase/ ji diyate winengku/ rawatana sajroning ati/ tinrapena yen nujwa/ kala masanipun/ anirnakken trahing praja/ jer ta ratu tetumbaling among kingkin/ berat sagung darmuka//

/5/ Kalabana labuhane sami/ mring leluhur narendra minulya/ lumintu ing pangestune/ mring sang narendra sunu/ sumunar ing kawruh mratani/ mring utamaning wadya/ lelabuhanipun/ muga ta pinudyeng karsa/ sang sudibya dhaharen ture pun kaki/ Nursidi kang sih tresna//

/6/ Nanging nyuwun pangaksama mami/ dene tanpa dunung balayangan/ tan kena tinamtokake/ ing unggyan tan katemu/ lamun ora pinudyeng kapti/ yen kapareng ing karsa/ sadhela katemu/ memulang lelakonira/ siking jaman ingkang badhe denlakoni/ nara wira utama//

/7/ Amemuji pun kaki ri ratri/ aneng ngarga sumya ngaranira/ mampir mung sadhela bae/ gya turut samodra gung/ yekang barul kayati nami/ sumengka ing aldaka/ mrapi aranipun/ sedya lumebeng talaga/ kalkaosar toyanya sumilak wening/ mene manungku cipta//

/8/ Ciptanira sang wiku neng ardi/ mugyantuka marmaning Hyang Suksma/ sinung rowang sakadare/ lagya ana kadulu/ janma priya lawan pawestri/ tinanya sang pandhita/ papa aaranipun/ sinaur kang pinambrama/ aran ulun pun Kayat ingkang pawestri/ pun kayun ingkang priya//

/9/ Ngandikalon sang pandhita luwih/ lah ta Kayat kayu aywa pisah/

lan manira sadinane/ banget condhong tyasipun/ lawan sira karone sami/ dadia kanthiningwang/ memuja neng gunung/ ature sobat kalihnya/ dhuh sang wiku kamayangan ulun singgih/ panggih sang dwijawara//

/10/ Ing sakarsa karsa kang gumingsir/ ingayahan sang wiku utama/ milu brangta neng ngargane/ nanging ta atur lulun/ gadebale Endhang lan Cantrik/ salamine ywa pisah/ kalawan sang wiku/ nabda aris sang pandhita/ ywa sumelang yekti tan pisahlan mami/ nanging aywa pepeka//

/11/ Pakareman lair lawan batin/ iku dadi pamurnging tindak/ ing dunya prapteng akire/ poma ta sira iku/ Engdhang Cantrik den ngati-ati/ pamurunging tyasira/ tan mulih mring dunung/ aturing sobat kalihnya/ sun pepundhi lhuur sang brahmana aji/ tan giris prapteng lena//

Girisa

/1/ Dhuh ta risang Dwijawara/ pun patik jalu wanita/ nuwun gunging pangaksama/ de ta hulun kumawawa/ nuwun barkahing sang dibya/ prakara isining arga/ kang katonton ing kawula/ wijange aran punapa//

/2/ Lenging gunung kang sajuga/ arane marga suwara/ de guwa loro kang ana/ luhuring marga suwara/ tursina arane ika/ kang loro doh unggyanira/ peparab guwa goh karna/ de kantha kang kembar rupa//

/3/ Locana jejulukira/ tursina amawa praba/ mijil braja saben dina/ tan kendhat iku pratandha/ yen misih ngadeg kang arga/ locana ujwalanira/ madhangi isining arga/ katonton wewijangira//

/4/ Mendhak mendhukul wujudnya/ iku kang katon ing sira/ de kang aneng jroning arga/ dahana aran anala/ kukuse nempuh gathita/ iku ingaran pramara/ reter pater ing aldaka/ manut goyanging gathita//

/5/ Wus sedheng samono uga/ pituturku marang sira/ Kayat kayun apa sira/ kari utawa milua/ ature sabat kalihnya/ tan betah lamun karia/ lawan sang resi sudibya/ marma ing panuwun amba//

/6/ Tumuntur saugyanira/ pepeka lamun karipa/ lan Nursidi sang pandhita/ wus jangji katelunira/ yen pisah yekti druhaka/ cidra marang jangjinira/ sakawit katelu samya/ lair batin lan sulaya//

/7/ Heh ta Kayat kayun sira/ sun arsa mampir sadhela/ mring bukit Mudabinika/ yeku sasana minulya/ pra pandhita mengku cipta/ neng kono dununge samya/ babare sakarsanira/ mumbul sarira minulya//

/8/ Mulih mring kayanganira/ unggyaning dewa minulya/ kang tan wujud nanging ana/ uripe Sang Hyang Wisesa/ tan kena yen wani cara/ ing jagad winengku samya/ kang pinuji pra ;pandhita/ sirna sang sarira guna//

2.3 Murweng Karsa (4 pupuh)

Dhandhanggula

/1/ Murweng karsa srinata sung angsit/ mring sagunging wanita kang samya/ winengku marang priyane/ kudu manut sakayun/ ngayam-ayam kakrsaning laki/ lelejeme mrih rena/ karanane iku/ dadi jalaraning tresna/ ning wong priya yayah guna lawan pesthi/ pesthine mung elingan//

/2/ Aywa linglung lengleng mora eling/ lalu linala labaning lara/ badan lumebeng batine/ tita tan mikir wurun/ ngrusak rusak budi tan wening/ nangsaya mring sarira/ ras-arasen nurut/ wulanging bapa lan biyang/ yekti pantes tinurut jer iku dadi/ jalaraning tumitah//

/3/ Tetepana tartamtuning eestri/ pan pinetri wewadining badan/ dadi tertib iku rane/ tertib tegese urut/ runtut titis wajibing estri/ titis bener tegesnya/ nering driya iku/ ywa liya mring lakinira/ ngarah-arah ywa arda driya den manis/ ulat wijiling sabda//

/4/ Dadi kanggo tinurut ing laki/ jer ta sira miturut turawas/ marng karsaning lakine/ norga dadi iku/ marmaning Hyang asih mring dasih/ sumingkir duka cipta/ iku adatipun/ labet tabuhaning kuna/ kang kasusra wanita kanggo ing laki/ yogyalinuri samya//

/5/ Myating polah myang karsanning laki/ kira-kira mrih reseping karsa/ dadi timbang mrih parlune/ laki kongas ing kalbu/ bungas

lengeh kersa kang estri/ tinurut kasembadan/ tan cuwa tyasipun/ lir taru katiban jawah/ lemu kang ron kembang pentile andadi/ tentrem tan walang driya//

/6/ Driyanira den tamtu ywa gingsir/ sarwa bisa wajibing wanita/ miranteni busanane/ priya mang dihaharipun/ ingkang dadi kareming laki/ pinatut wayahira/ sarapane esuk/ tengange lilngsiring surya/ tengah wengi byare esuk yogya salin/ tan bosen mamrih lejar//

/7/ Jer ta iku dudutaning pikir/ dadi sumeh semune tan giras/ tentrem krasan neng wismane/ yekti sira kang untung/ tinunggonan nora ngemmbani/ lamun sira sembada/ sariranta iku/ babresih wida myang sekar/ sawatara dadi panggugahing ati/ lakinta nora kemba//

/8/ Bisikane sang raja ing demis/ pan wus umum sakyehning wanita/ gung nepsu cupet budine/ lalen dhemen ginunggung/ nora ketang bayar rong ringgit/ jangjine ana ujar/ ngrika wonten dhukun/ bisa nyarati wanita/ jambe suruh saranane kanggo nglaki/ ginugu tan tinimbang//

/9/ Mula akeh wanita yen laki/ pitung dina branane wus bebas/ pinunjungken mring dhukune/ wah tombok darbekipun/ ing lakine prabot yen nangkil/ konangan ginebugan/ tur suda sihipun/ awak lesah ati susah/ tan tinulung mring lakine muring-muring/ gering calon cekekan//

/10/ Ngagak-agak sebute dherindhil/ iya talah talah awakingwang/ teka dadine mangkene/ prikan pantek kayu/ uler siti kang mangsa sikil/ majwewuh mundur merang/ ning wus satakipun/ wanodya yen lagi susah/ tansah katon bapa babu denaturi/ pae yen kanggo krama//

/11/ Lali lamun jalaraning urip/ pijer mikir sukane don karsa/ ingundang keh semayane/ pae kalamun padu/ jarathalan prapta pribadi/ dhuh adhuh wong wanita/ sun puji tyasipun/ mituruta sakeh wulang/ lerepena driyanta supaya dadi/ tuladan marang putra//

/12/ Jer ta lumrah wong iku sesiwi/ sok alaa nenular mring putra/ dadi tan ana ajine/ tininggal bapa biyung/ ngayang-ayang tan denajeni/

mring sama sameng titah/ uripe ngalincut/ cinawat guruning kompra/ mider-mider mring lyan praja samya uning/ yeku terahing sudra//

/13/ Angalampra tangeh wruh ing becik/ goroh umuk tur sugih carita/ yaiku dadi gelare/ mrih kandel mring lyanipun/ pakantuke gone ngapusi/ sir eling pokrul genral/ bisane calathu/ iku wong durjana sabda/ dipuneling sakyehing manungsa sami/ ywa kongsi den asmara//

Asmaradana

/1/ Ywa laluman doyeng laki/ lali pijer don asmara/ kalimput mung suka bae/ yogya sira memujia/ sakaadaring wanita/ titise dadi tan cubluk/ sudibya ngungkuli bapa//

/2/ Pan mangkono ong ngaurip/ jangkane kudu jinangkah/ kang ririh amrih ywa cewet/ katekan sakayunira/ lumintu tan rekasa/ pae karsa kang kasusu/ snuh sirna tanpa karana//

/3/ Sumaraha ing Hyang Widdhi/ kang angsung ing uripira/ denrapet ngadu pasemon/ semune gusti kawula/ den jumbuh ywa bencorah/ ngarah lestarining kusuk/ pasemone minrih jumblah//

/4/ Jomblah wanuh ingkang wardi/ mangkene upamanira/ pawestri iku wajibe/ denwanuh budining priya/ dimen tuk sih tan kendhat/ bokmanawa wuwuh-wuwuh/ wehaning tyas marang sira//

/5/ Ruwiyaning para putri/ ing kuna wus cinarita/ ing Arab myang Jawa dene/ kang utama pinilala/ sakadaring wanita/ linaras lan jamanipun/ mrih tumrah tinon ing kathah//

/6/ Pathining we jalanidhi/ ron lempuyang misih muda/ wus sayah kang ngripta mangke/ alirih dera mengarah/ run tute kang wiyata/ tarlen mung dadya pangemut/ tyasing wanita mrih arja//

/7/ Kasmaran wungu sing guling/ kang ngripta anglir supena/ sedya andugekken meneh/ ppitututuring pra wanita/ yogyane baresiha/ jro wisma myang badanipun/ mrih rahaping kadang mitra//

/8/ Ingkang sedya amartuwi/ pirangbara lamun bisa/ nyugata amrih sukane/ kadang mitra ingkang samya/ tuwi krasan rerasan/ saking

bisa tandang tanduk/ ingaranan buja krama//

/9/ Buja suguh ranireki/ krama tembung kang mrih lejar/ tyasing tamu mrih lejare/ tan age mulih prayoga/ pratandhane ta sira/ sinihan sasaminipun/ janma yogya linuria//

/10/ Karanane wong antuk sih/ ing manungsa iku tandha/ Hyang Manon kang ngosikake/ denanggung syukuring Suksma/ muga ta lestaria/ sihing Hyang turun-temurun/ tumeka dina kiamat//

/11/ Mumpangat lila ing batin/ wong sinihan sameng titah/ tumruntun praptadrajate/ sasejane pan tinekan/ mangkana adatira/ manungsa kang arsa luhung/ sumingkir marang kanisthan//

Kinanthi

/1/ Nganthia wulanging ratu/ kang wus mashur nguni-uni/ Budheslam samya tetilar/ nalar kang amrih nulari/ mring budi dadine jembar/ barkahi mring anak rabi//

/2/ Pirabara lamun sarju/ liyane ahli kapengin/ miturut wiyata arja/ ujer iku mumpangati/ mring badan myang ahlinira/ resep antuk kojah becik//

/3/ Cobanen ta lamun dangu/ ujer ingkang dadi wiji/ wijining utameng karsa/ yekti tentrem tyas kang gingsir/ lan sira dhewe sulaya/ janma lyan yekti tan sudi//

/4/ Darbe mitra kang kadyeku/ tan wande andarawasi/ wis aja sinruwe padha/ nalar ingkang darawasi/ nenulari sakeh nalar/ wong kang pangawakan dhemit//

/5/ Dhemen waduling wong nglindur/ dora ragane mrih becik/ cilakaning lyan sinedya/ anglir setan nunggang ilir/ saben nglilir angupaya/ luputing toga pinikir//

/6/ Keri gatel lambenipun/ kalamun nora ngrasani/ mring kanca mitra kekadang/ iku tetela yen dadi/ awak uwong ati setan/ kang kena dipuntambani//

/7/ Pantes ngalap opah iku/ saben sasi sing pulisi/ cukup kanggo tuku madat/ lan pacitan sawatawis/ yen wus seger nuli lunga/ golek warta mrih bilahi//

/8/ Ning wong kang nora tartamtu/ mung tamtua antuk warti/ tinata denira dora/ supadya kandel ing wingking/ wuwuh blanja wuwuh madat/ awakkuru gelis mati//

/9/ Patine akeh kang sukur/ sasat kelangan kalilip/ nora gedhe nanging lara/ marang mata brebes mili/ mulane para sujanma/ aja kadi dhuwur iki//

/10/ Pikiren utamanipun/ solah muna lawan muni/ ron roda kinarya aja/ gong alit munggel irami/ pikiren dhingin supaya/ tan kabanjur barang pikir//

/11/ Turing carma aranipun/ ibu Sang Duryudana Sri/ lestarining barang karsa/ angel lamun tan ngawruhi/ sasmitaning masa kala/ lalu luluh tan pakolih//

/12/ Pilihen wong urip iku/ ala kalawan kang becik/ beja kalawan cilaka/ luhur pendhek iku sami/ wus ginelar aneng wulang/ ywa lalu gone ngleluri//

/13/ Jaman katon jroning turu/ marga we kang munggeng tritis/ den kaepi sakeh wulang/ tinimbang mrih babar budi/ budi baboning agesang/ sarana parek mring Gusti//

/14/ Gusti iku keh liripun/ gusti lair gusti batin/ laire sri naranata/ ing batin Kang Mahasuci/ karone kudu sinembah/ mrih utama dunya akir//

/15/ Mapan pae patrapipun/ sembah lair lawan batin/ laire sarana tangan/ batin mung dumunung ati/ tinata dipuntetela/ laraping don pinrih titi//

/16/ Tartip tetep titis teguh/ ginodha gunging pangeksi/ tan rinungu tan rinasa/ mung ngrasa nikmating ati/ ati runtut wus tinata/ titi kang tamtu kinanthi//

Mijil

/1/ Wijiling karsa Hyang Mahasuci/ anganakken ing wong/ jalu estri pan padha parlune/ wujud priya lantaraning wiji/ estri kang madhahi/ kumpul dadi wujud//

/2/ Yen wus wujud obah aran urip/ wajibe tetakon/ sajarahe mring

kang nganakake/ kang asareh patakone titi/ patitising wiwit/ pungkasane mantuk//

/3/ Supayantuk marga ingkang sidik/ dadi mulih mring gon/ gone lawas tan was-was wus wenteh/ wus tan was-was wanuhe wus lami/ memitran wit eling/ winulang mring guru//

/4/ Guru iku lantaraning yun wrin/ wajibe tumuwoh/ wohing kamal srinata dununge/ den waskitha semuning Hyang Widdhi/ mandhiri sajati/ jatine mung iku//

/5/ Kang sinembah pinuja-pinuji/ yekti mung Hyang Manon/ Nabi ratu oliha waline/ kang apantes pinuji mring janmi/ sabab iku sami/ kekasih Hyang Agung//

/6/ Yen manungsa liya ratu Nabi/ Ngabdul araning wong/ apan jemak lan manungsa akeh/ mung pinurih aywa srik ing galih/ lumintu mrih puji/ ing manungsa iku//

/7/ Kudu-kudu tinarimeng ati/ manawa kapergon/ Nabi ratu kang mindha darwise/ sabab akeh tuladhane nguni/ malekat pi-api/ nulya anjejaluk//

/8/ Mung carita dudu jaman mangkin/ ing mengko tan kanggo/ mung pinirit jumbuhe mangsane/ dadi ora kaelangan tari/ ngleluri utami/ mamrih sugih kawruh//

/9/ Wruh ing alaa kalawan becik/ saking wulanging wong/ ingkang wasis waskitha budine/ pan tinatrap neng dalwang lan mangsi/ sinimpen mrih ahli/ kitab aranipun//

/10/ Kitab saking Qur'an asalneki/ Qur'an sing Hyang Manon/ yata masa Allah nulis dhewe/ pasthi nyambat manungsa kakasih/ tinram neng jro ngati/ ning manungsa iku//

/11/ Jer ta ana kang muni jro dalil/ rapale mangkono/ kalbu mukmin yabetolahine/ ing tegese ati ingkang mukmin/ ingaken sayekti/ unggyaning Hyang Agung//

/12/ Basa mukmin manungsa wus napi/ liyane Hyang Manon/ dadi kayun bidareni rane/ wong kang wanuh menggone kekalih/ dunya den dumugi/ ingakerat jumbuh//

/13/ Wus pinunggel pitutur mring estri/ sedhenge samono/ pan kaselan lagi mikir pones/ Rebo Kliwon ping telu kang sasi/ ing Rabingulakir/ Galungan kang wuku//

/14/ Kang mangsastha Kunthara warsa Lip/ sangkala rinaos/ pan winangsit kawi sangkalane/ yitmeng praja cipta kang kawijil/ Kangjeng Sri Bupati/ karsa amanawung//

/15/ Drenging karsa tansah amemuji/ kalipahing Manon/ karsa ngesthi sang prabu ing mangke/ wulang tumrap maring para estri/ mrih ayu pinanggih/ wit wekasanipun//

2.4 Kasmaran Jeng Sri Bupati (6 pupuh)

Asmaradana

/1/ Kasmaran Jeng Sri Bupati/ ingkang lagya mangun suka/ neng Langenharja karsane/ animbali wadyanira/ lelangen Jeng Pangeran/ Prangwadana kehe catur/ wuta bucu wujil dhengkak//

/2/ Parlu mung kinen cariwis/ carita kang amrih suka/ kandha dongeng saelinge/ lalu rong latri tan nendra/ dadi sayahing mata/ ler-leran kudu angantuk/ mata dhempet dhasar picak//

/3/ Naracak sugih mangerti/ jer ta wus lawas ginulang/ mring gustine kang wus mare/ dhasar wasis prameng sastra/ prawira wicaksana/ dhemes luwe mamrih sarju/ mring kadang mitra wandawa//

/4/ Drawayaa marang siwi/ kang ing mangke winisuda/ labuhan mrih utamane/ ginupit neng padesan/ ran-urane wong wuta/ mung karya pangemut-emut/ sukaning tyas sri narendra//

/5/ Nalika ri Dite kaping/ salikur wulan lumakya/ Rabyalakir Lip taune/ sinangkalannya ta mulya/ sariraning sujanma/ wuta wujil dhengkak bucu/ antuk ing sih sri narendra//

Dhandhanggula

/1/ Andugekken carita ginurit/ sri narendra denya mangun suka/ neng Langenharja ri Dite/ tri latri lamun dalu/ amyarsakken dongenging janmi/ catur bucu myangpicak/ karya sengsem sagung/ wadya ingkang samya seba/ byar rahina kasukan angadu kambing/ lan

wraha gantya-gantya//

/2/ Malem Isnen kang gantya nambungi/ dasih pradikan amaca kitab/ tapsir lan pekih wastane/ keh ningsil sahing kawruh/ angawruhi sucining ati/ sarira batal karam/ najis miwah mekruh/ tartip teteping wong salat/ pinrih jumbuh mokaranah lawan takbir/ ekrame kang sinedya//

/3/ Lan wajibe salaki lan rabi/ waris wasita utang lan potang/ wong nyilih tan ngulihake/ nebas bumi dol tuku/ prajangjian kang tumrap tulis/ iku ingkang rinasa/ babeneranipun/ pekik pasal mungil ranya/ kang linalar linulurmamrih lestari/ nagari adilira//

/4/ Kang piniji maca kitab tapsir/ Abdi Dalem pradikan kang mulang/ santri neng Langenharjane/ Amat Ilham ranipun/ dhasar punjul samaning kaji/ mila piniji marang/ Kangjeng Sang Aprabu/ sring dinangu babing rapal/ lawan makna Ki Ilham dhasar mengreti/ condhong lan sri narendra//

/5/ Mula akeh murid para santri/ saking manca kayuyun winulang/ mring Amat Ilham kawruhe/ sareh memulangipun/ mamrih gampang ingkang nglakoni/ winulang pinrih tuman/ denira met kawruh/ tur kawruhan sri narendra/ dadi mempeng pangajine para santri/ pujine mrih katrima//

/6/ Marang Kangjeng Srinata kang wajib/ angganjar lan angukum mring wadya/ ki santri akeh melike/ manawa begjanipun/ antuk bumi pradikan abdi/ nganggur tur oleh pangan/ sapa kang kadyeku/ nadyan bapa kakinira/ nora bisa weh bumi nganggur binukti/ aliya sri narendra//

/7/ Ingkang bisa weh drajading janmi/ sarta minta kang patut ginanjar/ sapangkate dheww-dhewe/ mung kari atetunggu/ begjaning wong ingkang taberi/ miturut ing sakarsa/ iku adatipun/ tan liya ingkang atampa/ kanugrahan kang miturut ing sakapti/ nira Jeng sri narendra//

/8/ Sabarena sabarang binudi/ dadi tentrem adate katekan/ sedya kang lawan sinareh/ ririh ruruh mrih runtut/ tutut titis mamrih lestari/ ing karsa aywa cuwa/ dumadya tan wurung/ riwut gela tan katekan/ sasedyane saben dina muring-muring/ ri-ari mendem arak//

/9/ Marakaken lali ati sedhih/ nalikane endeme andadra/ yen wus turu ilang deme/ mulih susahe emut/ awak lesah Cinane nagih/ ginusah nora lunga/ ngantep ngajak padu/ mring pradata ngajak bantah/ salesihe pratandha kang denecapi/ pininta panyaurnya//

/10/ Nyelak tan wus ngrasa ngecapi/ yen nyanggemi nora duwe arta/ kang bakal sinaurakke/ ngikal basa siripun/ dimen sirna gugating kucir/ si Kucir saya jenthar/ jer ta wus winuruk/ mring janma kang ngalap opah/ mulanira cinawela tan gumingsir/ teteh wruh ing prakara//

/11/ Karenane wong jaman samangkin/ dipun bisa ngampet karksanira/ kang tan parlu ing gawene/ lan timbangen karuhun/ aywa nganti keneng piranti/ tatale wus akathah/ si kucir angrimuk/ supaya denutangana/ mendhak-mendhak si Kucir ngisingi rai/ gubras ambune ngambar//

/12/ Bubar-bubar tan nana niliki/ sanak mitra tangeh yen tilika/ pae yen benja wong supe/ bubruh sanake rawuh/ ngaku melu mujekken dhingin/ nalika misih mlarat/ dadi sugih iku/ wus lumrah mangkono sanak/ paribasan ana lintah padha minggir/ na wader padha mara//

/13/ Pae lamun boreh lenga wangi/ bebet keling sabuk cindhe baran/ kanigaran kalung rante/ panganten aranipun/ pasthi resep kang samya tilik/ tur nganggo sinunggata/ ing sakadaripun/ pae lamun keneng kala/ linebokken ing wisma kang wus miranti/ tan ana kang ngaterna//

/14/ Nastitia dimene basuki/ sanak mitra saben dina prapta/ tur padha rena atine/ sababe bisa nyuguh/ ngancarani sumeh denyangling/ dadi rahab kang samya/ sinungata iku/ pae lamun sugih utang/ nadyan katon sugatanira prayogi/ dhayohe kurang rahab//

/15/ Sabab welas waananing wiru/ suka bakal anemu deduka/ mangkono paribasane/ mulane ta wong iku/ aywa age kagedhen ati/ tinata dimen nyata/ titiping sakayun/ ngayomi mring lyaning janma/ memujia dimen katekan sakapti/ nira kang tan rekasa//

/16/ Rumangsaa apes badan iki/ kang kuwasa mung Sang Hyang Wisesa/ sumaraha sakarsane/ sinuksma mrih sumunu/ nering karsa

osiking Widdhi/ semune sinambadan/ dadi ran miturut/ karsaning kang duwe karsa/ susuhunen sihing gusti tan ngendhati/ titi sakareng cipta//

Gambuh

/1/ Pepeling lalinipun/ tyasing wadya kang samya balilu/ lalu lumuh winulang nora ginalih/ malah tyase salang surup/ rupek budine tur dhoso//

/2/ Pinardi dimen gambuh/ kang kajibah bebauningratu/ trahing wirya kawiryana tyase wening/ nanggapi karsaning ratu/ patitis tetep tan dhompo//

/3/ Tumpang so pametipun/ jer ta meleke dinokok ngayun/ sire mayar yen kalakon dadi sugih/ ger gemerah pan ginuyu/ jaksa kakrepe mangkono//

/4/ Lolota aja iku// lelurinen wulanging leluhur/ ingkang nalar dumulura angluluri/ lalarenpinrih tan kuwur/ kawuryan tyasira bolong//

/5/ Ilang sumelangipun/ jre melike malak nora sarju/ mingsih eling wulanging bapa lan kaki/ upamane mantri iku/ kang tatag maring pakewoh//

/6/ Kang pekik warnanipun/ ulat tangguh jinem nrusing kalbu/ solah gagas ruming sabda ulat manis/ den ta wawang barang laku/ sireku parek sang katong//

/7/ Tan wande mantri iku/ mapan dadi utusaning ratu/ kudu teteh wicaranira patitis/ dutaning nata puniku/ tan pantes alamun dhompo//

/8/ Parlu aja kabanjur/ kudu ajar wajibe tumenggung/ aywa kemba anggugah ati kang guling/ jer ta lali yen terlalu/ lumuh winulang lyaning wong//

/9/ Wusana awakipun/ pothar-pathir budine tan thukul/ nora kenthel ngalenthar budi tan dadi/ tinitah mantri pangayun/ kuwur budine cinopot//

/10/ Poma aywa kapencut/ lelabuhan kang mangkono iku/ kudu sareh

ririh narimaning ati/ titisa reh dimen gambuh/ budhala aywa macethot//

/11/ Terahe dimen nurut/ titikane wongatuwanipun/ dadi untung yen mangkono wong ngaurip/ uripe sasat tan lampus/ ginantyan turuning manggon//

/12/ Min amin ya al andu/ lilahirabilngalami iku/ tan kuwasa kawula darma nglakoni/ meminta Hyang Maha Agung/ kumambanga mring Hyang Manon//

Maskumambang

/1/ Wus wajibe kumambang kawula iki/ tegese kumambang/ sumaraha sang angsung sih/ sih ana salaminira//

/2/ Sari-sarining karsa rinasa sami/ mamrih tan sulaya/ yektine manungsa iki/ kakikine mrih kkarasa//

/3/ Kang kakiki sayektine ingkang wredi/ bapa wong suwita/ kudu mantep lan taberi/ ras-arase kang binuwang//

/4/ Aywa wawang guwang karem aneng panti/ kang amrih gumiwang/ mring ciptane wong angabdi/ dadi sargep aranira//

/5/ Wong asargep pasthi wruh karsanning gusti/ tetela tansamar/ manuh manawa manoni/ ning ing karsa sang sinewa//

/6/ Wusanane manawa sira antuk sih/ sih iku tan kena/ jinaluk yekti tan kening/ mung cinadhang murih kondhang//

/7/ Kadhang-kadhang sring pinuju luntur ing sih/ ira sang sinewa/ saana mantep ssireki/ kang kertarta sih mring nata//

/8/ Tetalinen tuladan mangkono iku/ pasthine ingaran/ janma tetep angantepi/ mring wajibe nora ginggang//

/9/ Nganggang-anggang angas budi tanpa dadi/ daleya leleda/ dadi dedalan bilahi/ nganthia sabarang karsa//

Kinanthi

/1/ Saranane wong yun luhung/ betah lapa kurang guling/ elingen solah jatmika/ yen wacana kudu manis/ murih sengseming sasama/

samaning manungsa sami//

/2/ Mrih mangsuk narimeng kalbu/ budine kang denbawahi/ wehaning tyas sukur rila/ badane kabawah sami/ sabiyantu nut sakarsa/ tan rekasa kang pinardi//

/3/ Dadi atut tur miturut/ manut sumarah mring gusti/ dening sidi myang utama/ maniok ing praja ngadil/ untunge dadi bendara/ rinesepan ing pra abdi//

/4/ Lir kartika panjer esuk/ sumilak wadana kengis/ kongas adining kusuma/ memayu mandoyeng nagri/ grahitanen dimen nabda/ dasihe kapadhan ing sih//

/5/ Sinukarta mrih tartamtu/ tamtuning utama titi/ tetep dadi pangauban/ ing wadya tentreming ati/ temtu kena tinulada/ tyase lir wulan dhadhari//

/6/ Amudhari tyas rariwut/ ruwet kang rawat wewadi/ wedi lamun kauningan/ mring sang ambeg ngumaladi/ tan wande pinardi blaka/ kawurnan kang ambeg juti//

/7/ Tinulad-tulad tinundhung/ dhinadhung wayah badhidhing/ mring padhang kacurang-curang/ arang kang ngaruh-aruhi iba ta susahe ika/ wong tan miturut mring gusti//

/8/ Mati neng sabrang kaduwung/ klowang-klawung tanpa kanthi/ sanak anake tan ana/ ijen mung awor wong lari/ basane bae wong Jawa/ pakewuh gone bondhongi//

/9/ Cadhonge mung uyah sekul/ destun tomboke mung siji/ esuk-esuk wus ginugah/ kinen dhangir kebon kopi/ pinerdi kalawan gebag/ Kartawilaga sung peling//

/10/ Elinge lungguhe iku/ si nini bolih nyabili/ rong ewu anggrise kuna/ putu loro dadi mantri/ gedhong tengen lawan kiwa/ tan lumuntur maring siwi//

/11/ Jer anggepe darbekipun/ gone nukokken si nini/ tan anglo kang duwe setan/ mula sugihe kepati/ tuku mantri langak-langak/ pan sinebut raden behi//

/12/ Den behi gone sekuthu/ bupatine denbeseli/ mula wani matur dera/

mring Kangjeng Sri Narapati/ nyuwunken ran Den tur tanpa/ salsilahe saka ngendi//

/13/ Asal sing ki ageng butuh/ bupatine sothal-sathil/ jer pethel marang kalangan/ nora seba nora kemit/ pi-api pamite lara/ pijer tekpo dentunggoni//

/14/ Sayah ngalih unggyanipun/ mring kamar bolah lelarik/ lali sesuk dina Soma/ sabab deme wus andadi/ dadi pamit esukira/ ngelu mumet mutah ngising//

/15/ Semuning karsa kadurus/ nanging ras-arasen mikir/ pijer nurut don kasukan/ lali lamun duwe gusti/ titi budine dalea/ yen pinardi luwih wadi//

/16/ Jer rumangsa luputipun/ wus lawas ingugung sami/ punggung tumenggunge nora/ bisa mardi marang mantri/ pitutur kang amrih arja/ padha kapoka saiki//

/17/ Jer lurahe nora turu/ pijer angrungu pawarti/ wartine sabarang polah/ polahe kang denwengkoni/ iku prayoga tinulad/ bupati mengku praja di//

/18/ Dadi mene turunipun/ runtut tan ana nyelani/ iku nugrahaning titah/ tinata kudu patitis/ tetep arani nayaka/ sesaka neng praja yekti//

/19/ Iba ta jumeguripun/ wong jinunjung mring sang aji/ kajen keringan ing kathah/ tur tan nora nganggo picis/ cistrak malu regen sakap/ kaluk tradhak jaga baik//

/20/ Kaluk sukak trima wuruk/ Jawi untungnya sendhiri/ dhikata baik tingkahnya/ orang suka dhengan asih/ sudhah habis pantunira/ nyang ini tembang kinanthi//

Sinom

/1/ Lir taru katiban jwab/ wong kang antuk sihing gusti/ riyu-riyu cahyanira/ rumangsa yen badhe pentil/ pira bara wohneki/ yen slamet kena ingundhuh/ pinangan luwih eca/ peloke dhinedher malih/ pira bara yen awoh rasa tan owah//

/2/ Tur ta wuwuh wohe kathah/ iku upamane budi/ ning nayaka

ingkang seja/ wuwuh darajat lan gempil/ puwara thaksa nagri/ grahitane wuwuh-wuwuh/ wawengkone utama/ mulyakken isining nagri/ bok mangkono dadi pantes ran nayaka//

/3/ Kongas budine tan angas/ ngumala adoh mring melik/ yaiku mantri utama/ dadi tuladaning mantri/ tansah mamrih utami/ mangkono labuhanipun/ sumingkir mring kanisthan/ angayunaken utami/ mardi basa basukining saniskara//

/4/ Karanane wong ngawula/ pinatah dadi bupati/ sinungkeng reh-rehanira/ kudu wruh watekireki/ mantri sawiji-wiji/ traping karya aja kidhung/ dhinahar parentahnya/ sababe ta wus ngawruhi/ tetekoning mantri kang ingereh samya//

/5/ Kaya ta para ngulama/ pradikan ketip lan modin/ marbot juru suranata/ tangeh yen wruha ing wajib/ lurahe mitututi/ padha tan ana anggugu/ keset mangaji Qur'an/ kitab nora denparduli/ lali lamun bumine pancen ngulama//

/6/ Madat madon ngabotohan/ nora wurung bakal maling/ lali nora salat-salat/ neng desa adoh kiyahi/ pangulu mula lali/ salat pijer ngaben sawung/ yeku pradikan sumyang/ mila cinopot samangkin/ pan tinarka adol apyu nora padhang//

/7/ Wawuh ta para ngulama/ padha gegulanga ngelmi/ ngelmune Jeng Rasulullah/ sayektine mumpangati/ kang ginelar linuri/ patang prakara trapipunn/ denterang rasanira/ tumraping sawiji-wiji/ dipunwijang jer ta iku tembung Arab//

/8/ Dudu basane wong Jawa/ aja ngawag kudu titi/ tetakona kang tatela/ rapal makna denmuradi/ dadi tetep ngawruhi/ patitising kawruh iku/ kudu guru ngulama/ ingkang wus sinebat mukmin/ mukmin lawas kang tan wastu tur utami//

/9/ Utamane nglakonana/ salat tasbeh saben wengi/ las tasjud iku prayoga/ lir Jeng Rasul anglakoni/ sabab yen tengah wengi/ sarwa sepi rasanipun/ tentrem wong sedya alat/ sumalat tumrape agni/ uruping kang dahana wor agninira//

/10/ Mangkono teteping salat/ para mukmin kang binudi/ dadine wruh kinawruhan/ kawula kalawan gusti/ iku tetep netepi/ tan sulaya

kkarsanipun/ gusti lawan kawula/ lelurinen para santri/ tanpa ngemis mung ngemis marang kang murba//

/11/ Mila ta kadawa-dawa/ dongenging wong picak dadi/ mituruti marang wadya/ jer lagya pinujweng galih/ sri nata sung pepeling/ mring sagung kawulanipun/ supadya nglakonana/ wajibe sasiki-siki/ sri narendra sarira purna sajuga//

2.5 Gandrung Asmara (4 pupuh)

Dhandhanggula

/1/ Megap-megap kapegatan ing sih/ memanise wong neng ngalam donya/ dinadak tanpa tinare/ niayaning Hyang Agung/ teka nora bebeja dhiin/ upama amangsita/ bok manawa ingsun/ bisa bareng sanalika/ dadi nora nana kang kari mlas asih/ neng jagad tanpa timbang//

/2/ Mabisana basukining lalis/ lastarine sampurneng kamuksan/ mimbuhana darajade/ si kulup ingkang kantun/ lestaria mengku praja di/ muga ta ywa kacuwan/ kadi awakingsun/ subhana-huwata'ala/ aparinga rahmat marang anak mami/ kulup pangran dipatya//

/3/ Dhuh woding tyas ingsun wong akuning/ ingsun nora nusul mring delahan/ neng jagad akeh parlune/ rumeksa anak putu/ lan manungsa isining nagri/ kabeh tan nana rila/ mungguh awakingsun/ yen sumusula mring sira/ apan lagi nglakoni karsaning widdhi/ payo padha sewangan//

/4/ Apan tansah kawawang nawengi/ adhuh gendhuk salulutanira/ paran baya tetumbale/ maring katonton iku/ kulhu balk winaca kaping/ satus meksa katingal/ memanisireku/ dhuh Hyang Kang Murbeng Bawana/ aparinga usadaning kawlas asih/ lastarine mong praja//

/5/ Aywa mamang tyasira ta yayi/ lamun ingsun tan enget mring sira/ nanging ing mengko kapriye/ dhawuhe Kangjeng Rasul/ sarapane ululamrihi/ kudu tetep ing iman/ marmane ri ningsun/ pakewuh temen wakingwang/ ninggal seratan betah manawung kingkin/ tan arsa dhahar nendra//

/6/ Yen kabanjur goningsun mong kingkin/ lesu lupa rasaning sarira/ tan bisa manglawan ing reh/ ing praja temah kusut/ kasatmatan nora prayogi/ tistis atining wadya/ yen mulat sun gandrung/ adrenging tyasingsun iya/ nambadani kareping wong sanagari/ riari mingsih brangta//

/7/ Tistis atis sapraja mrihatin/ getering tyas tresnaning mring sira/ kalaban kasusilane/ pantes patut dinulu/ lelayanan lan ingsun yayi/ kayungyun wong sapraja/ pantese riningsun/ dadi sarining narendra/ apa gene biyange si kulup iki/ teka aninggal garwa//

/8/ Ingkang tuhu asih dunya akir/ teka kolu aninggal maringwang/ keri neng dunya kapriye/ rabi wis ora payu/ narimaawakingsun iki/ ewuh lamun nalendra/ tanpa timbang iku/ dhuh gusti sira mangsita/ sapa ingkang winahyu sagung pawestri/ dadi timbanganingwang//

/9/ Wus prajangji lawan sira yayii/ besuk ngumpul praptaning kamuksan/ nanging ta ngantia mangke/ neng bukit Betalmakmur/ iya iku sasaneng urip/ kang langgeng nora owah/ besuk ingsun nusul/ angumpul dadi sajuga/ dadi purna milih rasaning Hyang Widdhi/ tata asmareng nata//

/10/ Kadi madu luluh mulet ati/ lelakone goningsun mong rimang/ tansah kacuwan kapriye/ lehening tyas margiyuh/ yayah ngayu milya kang kalis/ les-lesen driya lesah/ susah sungsun-sungsun/ sambikala keh kang gedha/ mecar kata lir kataman hru kang lungid/ kongkaling cipta maya//

/11/ Pajampua Hyang Kang Murbeng Bumi/ memalesa susahing kawula/ kang miturut ing sapangreh/ mimbuhana rahayu/ ning karajan tentrem lestari/ run-tumurun ywa owah/ wahyuning kaprabun/ budimaan pinaringena/ marang turuningsun kang gumantya aji/ jejege adilira//

/12/ Sumambraha mring isining nagri/ manut miturut parentahira/ dadi seneng ingsun kiye/ yen kalakona iku/ sira kulup bisa nglakoni/ pakartining narendra/ darajate thukul/ kalabaning sipat rahman/ mulur-mulur dumulur nora ngendhani/ muji mring wong taruna//

Sinom

/1/ Yen ta mingsiha taruna/ iya awakingsun iki/ gampang pamudharing rimang/ ing mengko wus kaki-kaki/ kangelan lamun murih/ wudharing dhuhkitaningsun/ susahe tumpa-tumpa/ jalarane keh pinikir/ karkating tyas mrih lastari aywa cuwa//

/2/ Cuwa lamun wurungana/ sasmitaning Hyang Linuwih/ kang dadi gegentinira/ rumeksa puranta yayi/ sumiwi para putri/ tentreming tyas ngayun-ayun/ sumrambah ing kabegjan/ jro pura para pawestri/ tinrimaa lastarine suka wirya//

/3/ Mrih kawuryan ing sapraja/ jejere tembangan mami/ mustikaning dhatulaya/ kang ingayap para putri/ kakembanging pura di/ dadia pandam pangaub/ baning para wanita/ tetepa pinuji-puji/ lastaria jro pura ywa na sangsara//

/4/ Lir nalika sira oncat/ jroning pura kadi gonjing/ jingjanging tyas wong sapraja/ geter pater liman anjrit/ marwaras kang miyarsi/ krodhaning liman sadalu/ beleg mangampak-ampak/ ing gegana semu riris/ karya maras ngeresing tyas wong sapraja//

/5/ Jer sira nora wewarah/ mulih marang jaman akir/ cuwa tyase kawulanta/ klowang-klawung tanpa gusti/ pantes lamun nisihi/ cumanthel neng ngastaningsun/ kulingling jroning praja/ kyehning bangsa aningali/ suka sukur manjurung puji mring sira//

/6/ Dene tan nora katrima/ tandhane sira ngoncati/ tan taha neng ngalam dunya// sirna kumalaning puri/ riris ganda mrik mingsing/ ing mengko jro pura samun/ sapa ingkang kelangan/ mung ingsun kang melas asih/ asihana angsunga timbanganingwang//

/7/ Pralambange timbangana/ rasaning tyas ingsun iki/ kakikine mrih kadriya/ iya tawas oneng brangti/ tentreming driya pinrih/ ywa rekasa wong wis sepuh/ mapas ardaning driya/ supaya tulus ngayomi/ anak putu sakadare aneng dunya//

/8/ Nyenyadhang karsaning suksma/ sinuksmaa ingsun iki/ mring sang kang amurbeng titah/ tinitah dadi narpati/ kretarta amengku bumi/ buimi arja mamrih tulus/ wawengkon aywa kongkang/ kaluhuran mrih lastari/ marang ahli kalunturana nugraha//

/9/ Hem hem ta dhuh nora kaya/ kang kayangan pura dadi/ kapriye karsane baya/ duduka mring ingsun iki/ apa mamrih nglandhepi/ mring atiningsun kang kethul/ tangeh wruha Pangeran/ kadi para kaji-kaji/ wruh ing Mekah langkah Pangerane sirna//

Mijil

/1/ Wijiling tyas wong sapraja gusti/ ingsun ing samengko/ kinen krama mrih sirna gandrunge/ putri ayu kang misih kenya di/ dadi tanpa kardi/ amuwuhi wuyung//

/2/ Anggarayang anglir wong angimpi/ satemene goroh/ rumangsane kadi satemene/ dadi gandrung andrem ing pawestri/ ingkang durung asih/ pagene wakingsun//

/3/ Mar gumeter ing tyas ketir-ketir/ tentreme jejodhon/ dhuh dhuh adhuh kapriye sun kiye/ mamrih sirna pakewuhing ati/ tetumbaling brati/ tatanen Hyang Agung//

/4/ Kang kagungan ing dunya puniki/ paminta lelakon/ atulunga lejer ing tyas kiye/ ywa kasuwen simbuh melas asih/ sihana sun iki/ dimen mari gandrung//

/5/ Enenging tyas amung kang pinrih/ runtute jejodhon/ adheming tyas iku paedahe/ bokmanawa bisa mitulungi/ marang awak mami/ slamet nyambung umur//

/6/ Ya marmane para anak mami/ ywa nyampahi mring ngong/ durung bae sira iku thole/ nahen brangta kadi awak mami/ sun puji ywa kongsi/ kadi reganingsun//

/7/ Ya Ilahihuhu ingkang urip/ marepa mring ingong/ dimen pajar ujar adha ijen/ jer ta ora ana ingkang pesthi/ kenane pinusthi/ mung wacananing Hu//

/8/ Hu ta muga ginampangna maring/ cece driyaningong/ ngumpul ana ing sedya ywa cewet/ liwat ewuh ana ta jro puri/ ri-ari pinikir/ lestarining kayun//

/9/ Aywa ana kang ngalang-alangi/ iya sedyaningong/ amanuta miturut sapangreh/ reh rahayu ayeme jro puri/ resmining pawestri/ suka martuk arum//

Kinanthi

/1/ Anganthi ruwiyanipun/ para narendra linuwih/ ingkang kapegatan tresna/ linalar linuri-luri/ sakuwate linakonan/ mrih seneng kang samya uning//

/2/ Nahen kaya wong wis sepuh/ mupus ya wis nora rabi/bakale ingaran nistha/ narendra datanpa swami/ mempis-mempis napasi ngalar/ nglalar dadining kadadin//

/3/ Yen winadag dadi rusuh/ wuwuh susah bosah-basih/ yen sabarang dadi ngelnthar/ bokmanawa pothar-pathir/ thering karsa yen wus nyata/ sayekti ingsun takoni//

/4/ Yen tangan liya wakingsun/ wanita kang nyamleng kadi/ biyangne si kulup ika/ kang gawe cuwaning ati/ tita tan bali mring dunya/ nyenyet ranyutake ati//

/5/ Tinata winoran sebut/ suprandene nyulayani/ sebut bubar ting salebar/ kasasar napase gingsir/ sirna pathokaning tekad/ karangkat agenging kang sih//

/6/ Subhanahu kang satuhu/ aparinga tyas kang wening/ mrih seneng rumekseng praja/ jatmikane ywa ngoncati/ tentrem terus dating suksma/ sumrambah mring wong sanagri//

/7/ Ginubah kanthi rawat luh/ suprandene denlakoni/ mung ta dadia lupiya/ ing tembe nak putu mami/ mikira ingkang prayoga/ aja kaya wong ngabari//

/8/ Dhemene arangka temu/ mring wong tuwa amung wedi/ sinegah karsane ingkang/ ing samengko denlakini/ jer ta wong durung linalar/ lastarine denlakoni//

/9/ Niyate mung salang surup/ arep nutuh yayah wibi/ budine durung tinata/ suthik maca suthik ngaji/ jejere pitutur nora/ rinasa dimen basuki//

/10/ Kawengkang tyas nganggit kidung/ adreng supayane lali/ lelakone among rimang/ mung pasrah karsaning Gusti/ kang dat sipat Asma Apngal/ anglimputana mring mami//

/11/ Min amin iya alhamdu/ lilahirabilngalamin/ sakehing puji kagung-

an/ nira Hyang Kang Mahasuci/ muga ta tinurutana/ karsaningsun mrih lastari//

2.6 Wulangputra (3 pupuh)

Kinanthi

/1/ Dhuh ger putri putraningsun/ nadyan wus kanthi pinusthi/ marang Hyang Kang Murbeng Titah/ graitaning para putri/ saprahastha para putra/ tarantananing pamikir//

/2/ Marma ger aywa sireku/ pasang sumeh jroning ati/ katitik tyas lan sembada/ marang apngaling Hyang Widdhi/ kang widagda tuhu wignya/ anyolahken bawa maring//

/3/ Iya ing manungsa sagung/ luwih maning dera kardi/ solah bawaning narendra/ kang datan sepi pambudi/ gyanya ngampil ing agama/ kasuciyaning dumadi//

/4/ Tinindakken lawan patut/ pinantes-pantes tiniti/ tinimbang lan isinira/ nagara Surakarta di/ tan kena ge kinukuhan/ angkuhing tyas anglakoni//

/5/ Nini putri putraningsun/ marma-marma sira sami/ karjeting duga watara/ rasakna dipunsatiti/ tata titinen kang terang/ pangroncenira pamikir//

/6/ Kekeren aywa kasusu/ sukuring ati sinipi/ piridanira kang kurang/ mring lelakoning dumadi/ dumadine kadi sarah/ anut ombaking jaladri//

/7/ Yen dinadak tanpa usul/ asaling nalar linuri/ nalurining kang lelakyan/ yen tinalar datan luwih/ winayu purbaning suksma/ suksmanen dipunkatitik//

/8/ Yen kasusu tan katemu/ mung nemu tyas datan titi/ tyas keker katiban tata/ tataning sang kang tumitih/ e yatalah awakingwang/ dadi gandrung maweh wangsit//

/9/ Wasita mring putraningsun/ gandrunga sira ningali/ lelakon kang molah saka/ kaki kinira Hyang Widdhi/ mugi putraning narendra/ pracaya nalongseng Widdhi//

/10/ Supaya was cipta ayu/ yuwana manungku manis/ ywa ngenes dulu kahanan/ lelakon dunya puniki/ mung kudu sumanggeng karsa/ karsa karsaning Hyang Widdhi//

/11/ Dadi tyasireku banjur/ jembar nora ngijir-ijir/ jari jwa angetang-etang/ mung denetung budi langes/ ngipatken karseng Hyang Suksma/ suksmanen ywa age dalih//

/12/ Leladan karsaningnapsu/ sungkawa kasedan swami/ nora ngangge miyak maya/ maya-mayaning tyas ening/ o ger ywa mangkono sira/ lelakoningsun puniki//

/13/ Satuhuni sira durung/ terang lir Hyang Murbeng Pasthi/ marma ger putra wanudya/ samya sedyaa ing ati/ tata titining cuawang/ angadhang tekdiring Widdhi//

/14/ Di-adining putri prabu/ utameng tyas kang pinusthi/ tegese utama sabar/ mring pancabyaning ati/ tinampan sukur lan rila/ legaweng tyas nrus ing budi//

/15/ Budiman pinangkul-pangkul/ kasmaran kinempit-kempit/ pinupu-pupu tan pisah/ sasat kadi sun mang brangti/ iya marang ibunira/ kang tega ninggal wak mami//

/16/ Pirangbara putraningsun/ gonira darbe sudarmi/ kang lagya gan-drung asmara/ pujinen bisa tumuli/ ana sihing takdirolah/ paring wahyu wanitaa di//

/17/ Katitisan jiwanipun/ ibunta kang uwis kalis/ lilaa yen wus pranyata/ katiban wahyuning sori/ sira para putraningwang/ wanudya putra narpati//

/18/ Mrih pinasthia rahayu/ yen rahyu sapa manggih/ gumuyu denya kasrambah/ basuki sajroning puri/ pura ya bisa angambar/ nglimputi marang nagari//

/19/ Gara-gara kadi tedhuh/ wawiyat ima na wedi/ sakabehe pandaming rat/ surem kawaranan riris/ nadyan kalamun dennalar/ mingseting masa sayekti//

/20/ Nging sira pra putriningsun/ sumurupa sira sami/ kabeh kahananing jagad/ ing dalil kang denarani/ sakathahing Asya mangka/ dudu pangeranireki//

/21/ Nanging wenang iku lamun/ tinampan wangsiting Widdhi/ utawa dadi cundhaka/ cundhakanira Hyang Widdih/ dipunawas ing sasmita/ jroning jagad den ta titik//

/22/ Titi pan asthaning wuruk/ mring putraningsun pra putri/ ri Soma tanggal sapisan/ Ruwah Be dipuntengeri/ osiking rat esthi nata/ nata nitik wruh utami//

Maskumambang

/1/ Tumimbula riningsun garwa pademi/ tega temen sira/ aninggal rakanira ji/ tujune manira bisa//

/2/ Amanamur nyandhak kalam gandrung nganggit/ kata wangsit lama/ tumrap mring putrengsun putri/ dhuh ge para putraningwang//

/3/ Sumurupa ing laku kawan prakawis/ dhiin yen kataman/ ing coba kudu angesthi/ budi temen lan tarima//

/4/ Kang kapindho dhuh angger lakuning ati/ yen kataman rundah/ legawa lila denesthi/ kaping tri lakuning Jawa//

/5/ Ing sarehning dumadining jiwa nini/ wus alus kalawan/ suci sira kudu musthi/ kandel kumandeling Suksma//

/6/ Kang kaping pat lakuning rahsa sarehning/ rahsaku wus mulya/ kudu musthi awas eling/ marang kodrating Hyang Suksma//

/7/ Lawan maning sumurupa sira nini/ lakuning agesang/ iku satuhune mesthi/ kataman suka sungkawa//

/8/ Apadene begja cilaka wus mesthi/ marmanya ing mangkya/ sun gelarken ngisor iki/ yeka ingkang ingaranan//

/9/ Gung-agunga ing begja puniku nini/ mung kawan prakara/ gunawan ingkang sawiji/ kasantikan tegesira//

/10/ Dwi wiryawan kaluhuran lire nini/ kang ping tri hartawan/ sira densamya mangerti/ tegesira kasugihan//

/11/ Kang kaping pat berawan maksude nini/ mapan sugih anak/ mungguh laku pat prakawis/ sayekti uwus tetela//

/12/ Dadi panggayuh geyonganing ngaurip/ madyaning manungsa/

kanggonana pat prakawis/ orane iya sajuga//

/13/ Prandene para janma akeh kang sami/ tan bisa katekan/ panggayuh patang prakawis/ kang wus kasebut ing ngarsa//

/14/ Awit saka tan kuwawa nanggulangi/ ring pakartinira/ kang pancawisaya nenggih/ mangka punika dumadya//

/15/ Tetuwaning badan myang sangling ing budi/ yeku sesambungnya/ tumamaning sedya nini/ lamun kataman sangsara//

/16/ Sapiraa gedhening sangsara dadi/ srananing nugraha/ sangsareku yen tinampi/ yekti mung dumadya coba//

/17/ Sanadyan wus ana wulang kang kadyeki/ prandene mingsih tan/ wignya ngampah tumahening/ praptaning pancawisaya//

/18/ Dhuh putrengsun samya sumurupa sami/ tegese kang panca/ wisaya mengko winardi/ ingkang kapisan ro garda//

/19/ Maksudira laraning badan sayekti/ kalih sang sararda/ yeku pusakaning dhira/ katelu ingkang winarda//

/20/ Wirang arda tegese laraning ati/ kaping pat cuwarda/ rekaseng tyas kalimeki/ durgarda pringganing nala//

/21/ Dhuh ge srananira ing sawiji/ bab panca prakara/ juga yen kataman sakit/ ing badan enggal ngesthia//

/22/ Setyaning tyas lawan legawa kaping dwi/ manawa kataman/ rekasa anggantha nini/ angesthia betah ngangkah//

/23/ Lawan lembaing manah de kang kaping tri/ manawa kataman/ laraning atinta nini/ ngesthia titi lan tata//

/24/ Teteg tuwin ngati-ati ingkang ati/ kaping pat manawa/ kataman rekaseng ati/ uga enggal aangesthia//

/25/ Eneng ening awas eling de kang kaping/ lima yen kataman/ pringganing ati angesthi/ angandel kandel kalawan//

/26/ Kang kumandel netel santosa ing budi/ muluring carita/ yen sira arsa dumadi/ sinebut putri utama//

Sinom

/1/ Dhuh ge wasita taruna/ dipuntansah angabekti/ marang Hyang

kang Murbeng Titah/ tegese kang pangabekti/ nyirnakken pakkartining/ kang panca driya puniku/ de ingkang winastan/ panca driya iku nini/ bangsa nepsu kaya ta sengit-sengitan//

/2/ Panasten kemeren lawan/ dahwen kumingsun lan malih/ ewan cekak sarta rupak/ sapanunggalane sami/ kang kinira tan becik/ yeku ywa kongsi tumanduk/ mring sawijining janma/ lan maneh sira den sami/ jrih narendra dene kang aran narendra//

/3/ Ati-atine ing badan/ dene denira nglakoni/ kudu titi teteg tata/ ngati-ati gyanmu sami/ katitipan tyas budi/ ing panimbang dipunputus/ mamrih dendel ing kathah/ wekasan sameng dumadi/ samya kedhep ajrih mring prabawanira//

/4/ Maning sira angedhepa/ ring rama ibunta nini/ tegese sira gucekna/ iya sariranireki/ dene dyannya nglakoni/ eneng eninga ing kalbu/ awas eling supaya/ sirnaa nepsunta nini/ anganakna asih kalawan amurah//

/5/ Yen mangkono dyah utama/ tuhu pinasthi sireki/ kinedhepan ing sasana/ sasamanireng dumadi/ lan sira kudu nini/ mituhu anggering guru/ tegese iku rahsa/ dene denira nglakoni/ lumuh wani wuninga lan ngilangena//

/6/ Pakartining pangrarenta/ kang mangkono iku nini/ ya bakal pinasthi sira/ pinituhu ing sasami/ lan maneh nini putri/ muga bisaa sireku/ momong samining janma/ supayane sira nini/ kinasihan ing Gusti Sang Mahamulya//

/7/ Kalamun putrining nata/ pranyata wus angsal ing sih/ yen buda jawatanira/ ing mengko sihing Hyang Widdhi/ sayekti sira nini/ pinangkat putraning ratu/ kang widagda utama/ dene sadayeku nini/ kasbut ngarsa linakon maca sarana//

/8/ Tapa brata puja mantra/ dene kang dipunwastani/ iya nini tapa brata/ limang prakara sayekti/ juga angengirangi/ ing bukti sarananipun/ narima nadyan nyegah/ dhahar manawa sireki/ tan narima apa ing sahanira//

/9/ Iku sayektine gagar/ ping kalih nyenyuda guling/ sanadyan nyenyuda nendra/ nanging yen linali-lali/ bebasan tanpa kardi/ katrangane nyuda turu/ samya dipun waspada/ upamane sira nini/

wus baliyut ingkang panggah ciptanira//

/10/ Den-jak kang luyut supaya/ tan loyup dening pakarti/ ning bliyut kang kaping tiga/ angawisana sanggami/ srana lila ingati/ mangkene pakartinipun/ anyuda ing sanggama/ yen karem dipunsabari/ mrih tan kongsi kabanjur kajating nala//

/11/ Lalu buru karaharjan/ kang kaping pat sira nini/ angampeta pangandika/ tegese panggagas nini/ catur kang tanpa kardi/ nini kalakone iku/ kudu panggah santosa/ sanadyana sira nini/ tan ngandika yen mangku karsa sandeya//

/12/ Ping lima sira ngilangna/ duka cipta srana saking/ cahyaning locananira/ angresepi ingkang sami/ sumewa nadyan nini/ tanpa duka cipta tuhu/ nanging yen kurang marta/ tan widada iku nini/ sadayeku kudu mawa empan papan//

/13/ Sira samya sumurupa/ lire empan iku nini/ manawa dalu mangsanya/ tarbukanira ing kapti/ bebuka sarat saking/ sareh sarekaning kayun/ lire papan muriha/ papan ingkang samun sepi/ tegesira nyirnakken sanggarungginya//

/14/ Sanggarungi kahanannya/ kira-kiraning ing ati/ ingkang datan pawekasan/ wekasan iku ba wuri/ pamoring kula gusti/ sira nini dipunemut/ gon sun gandrung wasita/ wasita marang sireki/ titi tamat panurat ingkang wasita//

/15/ Isnen Pahing ing pancawlas/ Ruwah Be dipuntengeri/ obahing para wanudya/ esthining driya utami/ wawelas sampun akir/ ing riris taksih gumrujug/ Langkir windu Kunthara/ di dalem ingkang anulis/ pujanggastri kawula pun Adisara//

BAB III
ALIH BAHASA TEKS WULANG DALEM PB IX

3.1 Murweng Kidung 'Awal Cerita'

Kinanthi

/1/ Dimulai dengan tembang kinanthi/ raja yang memerintah/ Surakarta kesembilan (PB IX) yang terkenal pandai mengarang/ pandai dan terkenal dalam hal lagu/ pandai pula dalam lagu yang berisi ajaran//

/2/ Menginginkan sembuh dari kesedihan/ maka menciptakan lagu pujaan (zikir)/ mencari kesenangan hati/ hati yang sedang susah/ membuat teratasinya kesedihan/ karena kehendak Tuhan//

/3/ Terjabarnya hati menjadikan/ bunga yang utama/ tertanam di dalam hati/ jangan sampai menjadikan sedih/ kehendak yang terkendali dicontoh/ sebagai hati (rasa) seseorang yang utama//

/4/ Memangku yang utama/ dengan lingkup negara lebih/ akan terlihat/ kembalinya negara dengan baik/ hilangnya suasana jahat/ berlayar menuju kedamaian//

/5/ Hilang segala bencana/ kerusuhan di negara/ negara damai sejahtera/ membuat kesembuhan bagi rakyat/ bahkan selalu mengusahakan batin (hati)/ teratur, tenteramnya negara//

/6/ Dipikirkan secara baik/ kebaikan itu supaya/ dekat dengan rakyat/ berteman antar sesama/ seluruh negara jangan ada perpecahan/ kedamaianlah yang diharapkan//

/7/ Terutama dapat diturunkan/ kepada anak cucu di kemudian hari/ menjadi cerita yang baik/ dan selalu diingat jangan dilupakan/ berkorban mendapatkan anugerah/ memancarkan hati yang terang//

/8/ Pada bumi yang ditanami/ kebaikan rakyat kecil/ berjalan dengan lancar/ semuanya merasakan keadilan/ menurut tanpa berulah/ kekal keadaan negara//

/9/ Setiap harinya timbul/ kuasa (dari) situasi yang hakiki/ sungguh merupakan hati yang baik dan utama/ mencari (dengan belajar) keutuhan hati/ biasakan agar terbiasa/ terkena kecondongan rasa kasih//

/10/ Saling mengasihi di antaranya/ besar diharapkan seluruh negara baik/ yang sangat terkenal/ sebagai manusia nusa Jawa/ perwira utama keturunan para tapa/ apalagi terkasihi oleh para dewa//

/11/ Pangkat selalu/ tiada hentinya tiada gerimis/ gerimis saat musim kedelapan/ bagaikan dunia yang terciptakan/ mutiara yang diharapkan/ tahu akan segala mutiara kebaikan dunia//

/12/ Seluruh dunia (masyarakat) selalu mendorong/ kepada sang *mulkingrat* (raja) Jawa/ selalu besar kasihnya/ kepada Tuhan/ sesuai dengan kenikmatan/ selalu kehendaknya//

/13/ Terlindunginya segala kehendaknya/ membuat isi pikiran/ menjadi lembut/ dengan hati-hati telah terjaga/ tanpa kehati-hatian berjalan/ diusahakan agar abadi (kekal)//

/14/ Keabadian tergerak/ oleh manusia yang mempunyai sifat (selalu) ingat/ terhadap tindakan yang utama/ di dunia jangan sampai tidak berharga/ pembicaraan dalam kematian (keheningan)/ menjadikan terjadi peristiwa//

/15/ Menjadi menang dalam kemenangan/ menang mampu menguasai/ terhadap nusa Jawa langgeng/ sebagai contoh negara yang utama/ selalu mulus keutamaannya/ hendak mencari//

/16/ Menjadi-jadi tumbuh/ bertambahnya pengetahuan tersebar/ ke seluruh (daerah) kerajaan raja/ berpedoman pada cerita yang berharga/ kita haji rasulullah/ semoga Tuhan menolong//

/17/ Kepada umatnya yang ingin masuk/ agama yang utama/ memecahkan keruwetan hati/ jangan sampai tidak cocok yang tepat/ dipertimbangkan dengan terang/ jangan segera dilaksanakan//

/18/ Teliti dalam segala hal/ perlihatkan kepada orang yang pandai (mampu)/ mintalah petunjuk tentang sastra/ yang mengandung rahasia/ rintangan akan diketahui/ rendah sedang dan utama//

/19/ (Hal) utama orang itu/ semua kehendaknya sama/ dengan pelan cara menangkapnya/ sungguh akan memperoleh/ bahkan lebih tidak kurang/ kehendaknya menjadi lengkap//

/20/ Berbeda bila tergesa-gesa/ semua kehendak dan pantas/ tidak sampai justru menyusahkan/ apalagi tidak mendapatkan kasih/ tersisih dari ibu bapak/ oleh karena itu anak muda//

/21/ Menyingkirkan hal yang tidak pantas/ jika ingin menjadi utama/ patuhilah apa kehendaknya/ saudara tua yang memberi peringatan/ ingat-ingatlah jangan sampai hilang/ bermain dalam ajaran yang utama//

/22/ Dekatlah pada orang yang mempunyai kelebihan/ nantinya akan menulari/ kepadamu sifat utama/ akan turun cahaya wahyu illahi/ cocok dengan kehendak Tuhan/ kelembutan jangan sampai menyimpang//

/23/ Kehendak dan ide/ yaitu rabillah manirakim/ bertindak dalam kebahagiaan/ yaitu tindakan yang tidak ajulkarki/ kaki (sebutan untuk anak muda) agar jangan tergiur/ digelar jangan ada yang menutupi//

/24/ Penutupnya dibuat kacau/ kekacauan melingkupi mengenai/ mata menjadi jernih/ rapat dan renggang satu jari/ apabila Ijajil bertempat sebesar telapak tangan/ berada di dalam hati tidak keluar//

/25/ Mencoba dan terus-menerus membujuk/ kepada hati yang tidak pantas/ tekun tiada berhenti/ jika tidak jadi dituruti/ carilah agar jelas/ yang akan merusak hati//

/26/ Orang baik yang tidak mudah dipengaruhi/ oleh ratu iblis/ sesungguhnya itu anugerah/ ilabillalijillalim/ yakalbumuh kminbetolah/ berdiam tetap tidak berubah//

/27/ Oleh karena itu sirruku beniknya/ sirrolah yang menerima/ menjadi isi dunia/ tergelar telah memenuhi/ apa yang rintangan bati/ seorang hamba melaksanakan//

/28/ Cerita terhitung/ jangan hanya berada di kelir (layar)/ bagaikan wayang yang gagal di pagi hari/ ki dalang pergi tanpa pamit/ lampunya menyala/ menyambar membakar kelir//

/29/ Alat-alatnya berantakan/ yang mempunyai rumah menyingkir/ terlantarlah dalang dan penabuhnya/ tinggal suasana sepi/ tidak sampai apa yang menjadi kehendaknya/ tamunya semua kembali pulang//

/30/ Begitulah contohnya/ lambang dari kehidupan manusia/ rapatlah menyatukan ujung/ ujung mata dalam Jawa/ pandanglah jangan ragu-ragu/ untuk menguji diri//

/31/ Telah lama mencari/ yang membuat selalu payah/ menulis setiap hari/ waktu luang dalam kepentingan negara/ meskipun dipersilahkan (diminta)/ untuk mengubah lagu//

/32/ Kamis Pon tanggal 21/ Muharam wukunya Wayang/ Jimawal pada musim kedelapan/ dalam windu Adi/ dengan sengkalan yang dibuat (berbunyi)/ *tata muluk ngesthi aji* (1805)//

Dhandhanggula

/1/ Jika diusahakan pertambahan berkarya/ terhadap anak isteri penerus dongeng/ supaya besok di kemudian hari/ yang menjadi cerita/ bagi ahli yang berniat mengingat/ mengingat ajaran/ hanya sedikit tetapi lumayan/ digunakan dengan dicatat dalam hati/ hati yang sangat dalam yang tidak mengetahui aturan yang baik/ yaitu sebagai ikatan//

/2/ Sarananya orang berkehendak baik/ permulaan dan akhirnya tidak pernah keluar/ dari ajaran orang tuanya/ tali kalau dipelajari dengan sungguh-sungguh/ kebaikan yang baik pada tingkah laku mengabdi terhadap pembesar/ dalam hati jangan sombong/ telitilah wahai/ sanggupkah mengatur kerajaan/ menjadi sentosa tenteram dalam hati//

/3/ Hati yang teguh disertai kelembutan sang istri/ terhadap perkataan prajurit yang tidak tamak/ sebaiknya diperhatikan sesungguhnya/ jangan kemasyuran kejahatan disamarkan/ memperdaya tanpa terlihat/ dibantah hatinya/ pada air muka jangan terlihat/ gelap tidak ramah dibaca/ tidak sopan perbuatannya/ maniskanlah raut wajahmu//

/4/ Dan berniat bertapalah semampunya/ tetapi jangan di puncak gunung/ sepi tidak memperoleh hasil/ tanpa teman hanya mengantuk/ terkantuk-kantuk mimpinya baik/ tetapi sesungguhnya tidak pasti yang di dapat/ ketenangan dalam berpikir/ sebenarnya yang dipikirkan berada terlihat di dalam mimpi//

/5/ Tidak seperti bertapa di dalam negara/ mengetahui akan tatakrama/ tidak canggung dalam tingkah lakunya/ lagi pula dekat dengan sang raja/ raja itu wakil Tuhan/ berkuasa memerintah hambanya/ hanya turutilah segala kehendak sang raja/ yang menulis ini menjalani seperti yang dikehendaki//

/6/ Lagi pula semua yang menghalangi/ meskipun begitu tetap terlaksana/ karena dari kesungguhan hati/ tetap hatinya meski disuruh berbuat rusuh/ hanya menuruti karena makhluk/ sudah sesuai dengan keinginan ayah ibu/ oleh karena itu turutilah ayah ibu jangan lupa/ diri sendiri sudah terlaksana//

/7/ Adapun saat menulis/ yaitu waktu asar mendekati senja/ sudah jauh dari fajar/ wahai mestinya lebih baik dari saya/ kalau memilih lama menunggui/ terhadap anak cucuku/ masih panjang umur/ tiada halangan umat tidak mengenai/ ditentukan oleh adanya kehendak Tuhan/ sesungguhnya tidak tersimpan//

/8/ Kalau masih tajam penglihatan, kuat ingatan/ seandainya awet di dunia/ momong anak cucunya/ itulah baktinya/ kalau terlaksana

kenyataannya/ saya memuji/ dalam siang dan malam/ walaupun sampai mati/ yang diharapkan tinggal jasa utama/ nyata terhadap negara//

/9/ Lebih sulit dilalui perbuatan/ yang ditakdirkan memimpin dunia/ malam tidak boleh tidur/ kalau makan ragu-ragu/ di dalam makan banyak yang dipikir/ laporan nista sedang dan utama dikuasai/ kekuasaannya beraneka macam/ lagi pula banyak bangsa meminta bumi/ bumi banyak tipu dayanya//

/10/ Tipu daya terhadap orang lain dijelaskan/ supaya jangan berselisih dalam kehendak/ akhirnya supaya mendapat/ jangan tidak ada ilmunya/ terhadap perbedaan jenis/ wataknya diketahui/ supaya jangan canggung/ perkumpulannya bermacam-macam/ ketahuilah ucapan yang dicampur dengan kata manis/ tetapi jangan terkena tenung//

/11/ Arti jimat wahai anakku/ segala bentuk yang enak dimakan/ dan dilihat menyenangkan/ menarik lekat/ membuat sungkan/ dalam pertengahan dan akhir/ ilmu utamanya/ ketahuilah rasa sungkan jaman/ wahai anakku yang menggantikan raja/ telitilah agar teratur//

/12/ Tiada lain jangan terkena kata-kata manis/ manis semuanya dalam bahasa/ lain dengan manisnya yang punya/ memiliki wibawa agung/ selalu abadi tanpa berubah/ hanya itu yang diminta/ semua manusia/ manusia seandainya jeli terhadap isyarat yang tersamar/ ingatlah jangan mashur karena kejahatan//

/13/ Wahai anakku yang menggantikan menjadi raja/ jangan terpikat oleh harta dan busana/ tetapi jangan mengabaikan/ terhadap harta benda uang itu/ perlu menjadi busana negara/ nista jika tidak ada/ keutamaan raja/ yang kaya akan harta benda/ dan lagi bisa minta imbalan kepada/ prajurit agar bertindak utama dalam kehendak//

/14/ Kalau dihadap tajamkan penglihatan/ terhadap prajurit apa pekerjaannya/ jangan rangkap permintaannya/ terhadap pekerjaan dan kewajibannya/ untuk prajurit yang pemikirannya penting/ tidak berkata terus terang terhadap perintahku itu/ orang agung jangan kecewa/ kasar halus terhadap kehendak prajurit bermaksud/ jahat

tidak baik//

/15/ Sudah diramalkan jaman nanti/ banyak orang mengerti bahasa orang lain/ terlantar bahasanya sendiri/ jamaknya mencari ilmu/ telitilah kewajiban itu/ teguh dalam tekadmu/ jangan ragu-ragu dalam kalbu/ itu upayakanlah/ ilmu orang lain menjadi busana negara/ jangan masukkan dalam kalbumu//

/16/ Kebudayaan kekuatannya diusahakan/ menambahkan budi yang sentosa/ dipertimbangkan keutamaannya/ diatur yang tertentu/ bagi prajurit yang perang/ bumi selamat menjadi tanda/ keutamaan laku/ yang memerintah negara tidak tidur/ teliti dalam kewajiban tidak bergeser/ keluarlah perintah secara harum//

Mijil

/1/ Keluarga ajaran saya ini/ yang sudah dirasakan/ terhadap semua perkara/ tidak karena lebih dari penglihatan/ hanya terpaksa harus dinasihatkan pada anak cucu//

/2/ Tidak kurang nasihat dari nabi/ dan para raja/ yang sudah diceritakan dalam kitab/ yang harus saya tambahkan/ sebagai ajaran terhadap/ hati anak cucu//

/3/ Hanya ada di dalam keahlian sendiri/ saya tidak membiasakan/ terhadap lain umat sesukanya/ lain dengan nasihat Kanjeng Nabi/ sesungguhnya diteruskan kepada manusia semuanya//

/4/ Jumlah orang hidup ini/ jangan suka menipu/ siapa orangnya suka rendah hati/ walaupun meminjam jasad pribadi/ hanya berselisih/ dengan kehendaknya//

/5/ Bagaikan tega memukul/ terhadap dirinya yang mogok/ apa lagi orang lain sesungguhnya/ kalau dicampurkan akan sakit hati/ lebih baik lagi/ walaupun Tuhan//

/6/ Tidak senang hatinya rendah hati terhadap manusia/ tandanya seperti itu/ kalau manusia lurus hati permintaannya/ tetapi ditimbang dan pangkatnya/ sesungguhnya Tuhan menurut segala keinginan//

/7/ Letaknya yang ditimbang Tuhan/ wujudnya seperti itu/ seperti

nyamuk meminta upah/ gajah pasti tidak dituruti/ yang disebabkan badannya/ tidak kuasa membantu orang lain//

/8/ Kalau kamu keturunan pemimpin/ jangan senang berani/ pergi ke hutan/ sebaiknya mengabdilah pada raja/ yang sungguh-sungguh dan hati-hati/ itu adatnya//

/9/ Wahyu itu tidak menjatuhi/ manusia yang jauh/ dan yang tertutup tirai/ yaitu jatuh pada yang disenangi/ oleh karenanya orang yang mengabdi/ mintalah kasih sayangnya//

/10/ Tidak mentang-mentang putranya sendiri/ kalau lali/ tidak menurut aturan orang tuanya/ tidak baik akhirnya nanti/ tidak lain yang mendapat kasih sayangnya/ lestarilah keinginannya//

/11/ Kalau sudah banyak contohnya kakek/ putra raja/ yang tidak mendapat berkah ayahnya/ tidak baik jadinya/ wahai makanya kaki/ berbaktilah kepada raja//

/12/ Walaupun bukan rajanya sendiri/ hormat kepada sang raja/ yang supaya mendapat berkah wahyunya/ raja itu kepalanya bumi/ bumi yang mempunyai/ yaitu rabilrahmanu//

/13/ Menularlah berkahnya raja/ kesenangan datang di tempat yang dituju/ menurunlah pada anak cucunya/ jangan diselimuti kesukaan dan ingat/ wahai anakku/ berniatlah untuk selamat sejahtera//

/14/ Sudah biasanya manusia ini/ ada yang mendapat tempat yang dituju/ jika selalu gagal keinginannya/ itu pasti sesuai dengan diri pribadi/ tidak awas dalam berkata-kata/ ketika menyelesaikan//

/15/ Musim hujan hampir senja/ datang dan pergi tempat yang dituju/ pasti saja celaka dirinya/ sama dengan orang malas yang tidak tahu waktu/ badannya kotor/ bibirmu biru//

/16/ Tentu saja disangka memenuhi/ seperti zatnya manusia/ kalau suka berjudi sesungguhnya/ kalau kalah jika disangka pencuri/ kalau kitab di sebelahnya/ disangka alim ulama//

/17/ Tetapi sesungguhnya tingkah laku manusia/ ditandai dan dilihat/ yang sungguh-sungguh dan menipu hatinya/ diambil faedah-

nya dari firasat di dalam biji mata/ tetapi milih yang mengetahui itu//

/18/ Selain yang sudah dibuka dalam gaib/ awas terhadap rasa/ serta ingat terhadap ceritanya/ yaitu Imam Safii dahulu/ tetapi lebih rahasia/ perbuatan yang itu//

Gambuh

/1/ Selain yang sudah biasa/ terhadap ilmu firasat orang itu/ bertemu tidak samar keinginan manusia/ tertanda dalam badannya/ semua keinginan sudah sesuai//

/2/ Jumlah perbuatannya/ Imam Safii firasat itu/ sudah ditata dalam kitab yang dibuat pasti/ lagi pula diijinkan Kanjeng Rasul/ dan sahabatnya sesuai//

/2/ Jumlah perbuatannya/ Imam Safii firasat itu/ sudah ditata dalam kitab yang dibuat pasti/ lagi pula diijinkan Kanjeng Rasul/ dan sahabatnya sesuai//

/3/ Tetapi ramalan itu/ masih kuasa Yang Maha Luhur/ misalnya orang yang wajahnya bopel/ pasti jelek wajahnya/ tetapi hatinya jujur//

/4/ Sebab manusia itu/ dapat melihat bayangannya/ kalau merasa kejelekannya bisa berubah/ tidak sama dengan hewan itu/ kalau cirinya sudah jelek//

/5/ Tidak bisa berubah itu/ sebab tanpa angan-angannya/ kalau manusia berlebih sebagai titah/ kalau saja bisa melebur/ jeleknya coreng moreng//

/6/ Wahai anak cucuku/ lihatlah dirimu/ usahakan melepaskan diri/ kalau mujur/ sirna dan berkah dari raja//

/7/ Saling menarik/ keuntungannya manusia dan berkah raja/ tidak berbeda kawula dengan Gusti/ sesungguhnya saling menyelimuti/ jasad dikelilingi Tuhan//

/8/ Tuhan yang menguasai/ terhadap hidup manusia sesungguhnya/ yang terang menyelimuti gelap sesungguhnya/ panas menghilangkan dingin/ seperti itu derajadku//

/9/ Banyak jika dibicarakan/ perlengkapan orang mencari ilmu/ makanya banyak yang berhenti tidak mau menjalani/ meneliti ilmu sampai selesai/ karena malasnya anak muda//

Sinom

/1/ Sudah watak anak muda/ keras budinya kurang teliti/ hanya senang ke sana ke mari/ capai tidak mendapat hasil/ hal yang disenangi/ istimewa dianggap perlu/ menjauh terhadap orang tua/ takut kalau dimarahi/ sudah merasa kalau tidak berkenaan//

/2/ Kehendak sang ayah/ diajar keutamaan diri/ sudah kebiasaan anak muda/ perasaannya dimarahi/ senang kalau dituruti/ tingkah laku yang tidak patut/ tetapi ada juga/ anak muda yang menurut/ ajaran sang ayah itu dilaksanakan//

/3/ Yang seperti itu jarang/ takdir menjadi manusia sempurna/ seperti cerita jaman kuna/ yaitu Kanjeng Nabi Ibrahim/ dan putranya/ Ismail yang selalu menurut/ terhadap ayahnya disuruh supaya mati/ tidak menolak dijalaninya/ jangan sampai tidak menjadi//

/4/ Siapa yang kaya akan kemujuran/ tidak lain hanyalah Nabi Ibrahim/ dan putra utama Ismail Iskak/ sungguh menurut kepada sang Hyang Widi/ menurunkan para raja/ sampai jaman akhir besok/ di Ngajam dan di Arab/ dan semua para alim/ semuanya diturunkan oleh Ismail dan Iskak//

/5/ Seperti jaman di Majalengka/ Brawijaya berpesan/ pantaslah sebagai cerita/ yang terjadi antar bapak dan anak/ Raden Patah dahulu/ yang diharapkan menjadi raja/ dan diharapkan menjadi utama/ memeluk agma suci/ mengajari (mengajak) sang ayah//

/6/ Kelirulah tindakannya/ orang tuanya diajari/ sehingga sang raja tidak cocok hatinya/ sehingga muka dan menanggung malu/ sang raja sakit hati terhadap putranya/ akhirnya justru abadi/ menjadi raja/ tidak seperti halnya yang dijalani Bondan Kajawan//

/7/ Sewaktu muda dalam hidup di pedesaan/ disuruh bertapa/ legalah hati sang raja/ mendapat anugerah di awal dan akhir/ menurut kepada ayahnda raja/ beruntung mendapatkan wahyu/ turun tiada berhenti/ anugerahnya/ yang diterima hidup enak di tanah Jawa ini//

/8/ Sampai sekarang belum tergeser/ keturunan Tarub mendapatkan anugerah/ menguasai dunia tanah Jawa/ tersebar memenuhi bumi/ siapa saja yang memenuhi/ orang tua mendapatkan petunjuknya/ sang ayah terlebih raja/ sebaiknya dilestarikan/ masih banyak contoh yang jelek dan utama//

/9/ Contoh orang yang mengabdi/ terhadap guru pada jaman dahulu/ seperti Harya Bratasena/ mantap sampai matipun dijalani/ padhal ajaran atau petunjuk/ itu tidak nyata/ hanya ingin kematiannya/ masuk ke tengah samudera/ tidak mati justru mendapat anugerah dari dewa//

/10/ Jika orang bertapa dan memberikan/ makanan dan tenaga/ membuat senang orang lain/ mempersembahkan sesuatu kepada raja/ diterima doanya/ Singaprana namanya/ Demang di desa Sima/ akhirnya jaman sekarang/ menurunkan raja di Surakarta//

/11/ Dan keturunan raja/ jika berbekal pesan gaib/ atau berwatak sabar/ tentu akan mendapatkan wahyu/ bagaikan sang Mulki raja kedelapan/ mendapatkan kerajaan besar/ tetapi dengan berat perjalanannya/ menjauhi kesukaan terhadap wanita/ jika ada yang meniru apakah akan dapat//

/12/ Hanya senang dan panjang umur/ semoga menurun kepada penulis/ terang hati sampai di mata/ kepandaiannya dalam segala hal/ pantaslah jika digunakan/ dilestarikan sampai akhir hayat/ menurut sampai cucu hanya sebagian/ penulis mohon pamit karena banyak istri//

Pocung

/1/ Jangan sombong jika mengabdi kepada raja/ terhadap teman/ jika kamu mendapatkan pangkat/ pandai-pandailah membuat enak hati teman//

/2/ Dahulu ada abdi/ raja keempat (PB IV)/ bernama Bagus Semail/ sangat dikasihi sang raja//

/3/ Sungguh utama pengabdian Mail tersebut/ mendapat anugerah raja/ sehingga menjadi jayeng opsir/ bernama Rahaden Jayengmarjaya//

/4/ Semakin baiklah tindak-tanduknya/ sehingga lebih kasihlah raja terhadapnya/ segera diwisuda lagi/ menjadi abdi dalam pangkat Naya Katengen Kaparak//

/5/ Diberi nama Tumenggung Sasrawijaya/ menjadilah lebih menguasai akan tugas-tugasnya/ pandai menjaga negara/ ketika ada Patih yang kena cobaan//

/6/ Bernama Patih Mangkupraja/ sangat sakti mandraguna/ berwatak kesatria tegas dan berani/ pada suatu hari Dyan Sasrawijaya//

/7/ Diminta memegang jabatan patih/ sanggup dan dijalani/ sehingga ki patih tidak bisa berbuat apa-apa/ karena dapat menjalankan sabda raja//

/8/ Terlebih hati ayahandanya sendiri tidak kuasa/ pantas dicontoh/ karena mantap dalam mengabdi/ dan akhirnya menggantikan kedudukan patih tersebut//

/9/ Selama 40 tahun menduduki jabatan patih/ terkenal dengan nama/ Adipati Sasradiningrat/ yang pandai sekali menjadi keluhuran kerajaan//

/10/ Setelah meninggal dunia dimakamkan di Imogiri/ itulah orang yang mendapatkan keberuntungan/ karena menurut petunjuk gaib/ pantaslah dicontoh oleh para muda//

/11/ Bagaikan contoh lain orang yang sungguh-sungguh menurut/ yaitu Kyai Sara/ di pinggiran dukuh Manggaran/ ketika di sungai kejadian itu//

/12/ Ketika mandi bersamaan raja pergi ke selatan/ ke Panaraga/ Kyai Sara menolong/ menyeberangkan raja beserta putranya//

/13/ Sekarang keturunannya telah berkumpul/ dengan raja/ mendapat anugerah karena pertolongannya/ sehingga menjadi Arya Mataram Adikusuma//

/14/ Jangan seperti Ki Tumenggung Mangunoneng/ mengingkari sang raja/ diberi kekuasaan/ biar ditumbuk dagingnya dan dimakan anjing (umpatan)//

/15/ Sama halnya kedudukan mantri karena membeli/ biasanya tidak

